O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASİ’ XALİ’Q BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A’JİNİYAZ ATİ’NDAG’İ’ NO’KİS MA’MLEKETLİK PEDAGOGİKALİ’Q İNSTİTUTİ’

QARAQALPAQ TİLİ HA’M A’DEBİYATİ’ FAKULTETİ

«QARAQALPAQ A’DEBİYATİ’ KAFEDRASİ’»

Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ ta’lim bag’dari’ni’n’ 4[b]-kurs talabasi’

Abatov Da’wranni’n’

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMİ’Sİ’

**Temasi’:** «Berdaq G’arg’abay uli’ni’n’ Amangeldi, Ernazar biy, Aydos biy da’stanlari’n interaktiv usi’lda woqi’ti’wdi’n’ metodikasi’»

**İlimiy basshi’:** f.i.k.docent S.Qazaqbaev

**Kafedra basli’g’i’:** f.i.d.prof. K.Allambergenov

## JAQLAWG’A RUXSAT BERİLDİ:

**Fakultet dekani’:** ________________ **f.i.k. E.Allanazarov**

**Kafedra basli’g’i’:** _________________**f.i.d.prof. K.Allambergenov**

**İlimiy basshi’:** _________________**f.i.k.docent S.Qazaqbaev**

**Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’n wori’nlawshi’ Abatov Da’wranni’n’**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n’ qarari’:**

**Abatov Da’wranni’n’ qa’nigelik pitkeriw jumi’si’na**

**«______» ball qoyi’lsi’n**

**MAK basli’g’i’:** _______________________

**MAK ag’zalari’:** _______________________

## J O B A S I

1. Kirisiw.

I Bap. Berdaq G’arg’abay uli’ni’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligin woqi’ti’w metodikasi’.

II Bap. Berdaqti’n’ tariyxi’y Aydos biy, Ernazar biy, Amangeldi da’stanlari’n klaster usi’li’nda woqi’ti’wdi’n’ metodikasi’

III Bap. Berdaqti’n’ tariyxi’y da’stanlari’n woqi’ti’wda yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w usi’llari’.

IV Juwmaq.

V Paydalani’lg’an a’debiyatlar.

## ANNOTACİYA

Tiykari’nan jumi’si’mi’zda uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerde jan’a yag’ni’y yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalarda woqi’ti’wdi’n’ usi’llari’ boyi’nsha ali’p bari’wdi’n’ jollari’n izlestirgenbiz. Wonda «İnteraktiv» metodlardan qalay paydalani’wdi’n’ usi’llari’n u’yrengenbiz. Ja’ne «Aqi’l hu’jimi», «Woyi’n texnologiyalari’», «VVV» usi’li’ yag’ni’y (Bilermen), (Bilgim keledi), «Bilip aldi’m», «Prezentatsiya» ha’m tag’i’ basqa usi’nday pedagogikali’q texnologiyalarg’a baylani’sli’ jan’a usi’llardan paydalani’w jollari’n u’yrendik.

Uli’wma alg’anda biz jumi’si’mi’zda pedagogikali’q texnologiyalardan paydalang’anda woqi’wshi’larg’a qanday da’rejede tu’sinikli boladi’ degen maqsette sabaq wo’tip ko’rdik ha’m juwmag’i’nda maqsetke say yekenligin ma’mleketlik praktika dawami’nda soni’n’ gu’wasi’ boldi’q. Sonli’qtan da menin’ pikirim boyi’nsha bu’gingi ku’n talaplari’ barli’q woqi’w wori’nlari’nda pedagog kadrlar yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalarda sabaq wo’tip, woni’ rawajlandi’ri’p, respublikani’n’ barli’q woqi’wshi’lari’ u’lgi alarli’q da’rejede u’git-na’siyatlaw maqsetke muwapi’q boladi’ dep yesaplayman.

**İlimiy basshi’si’:** **f.i.k.docent S.Qazaqbaev**

**Talaba:** **D.Abatov**

# K İ R İ S İ W

**Temani'n' aktualli'g'i':** Prezidentimiz İ.A.Karimov aytqani'nday: «İnsandi', woni'n' ruwxi'y du'nyasi'n ashatug'i'n ja'ne bir qu'diretli qural bar, wol da bolsa so'zdin' qu'direti, ko'rkem a'debiyat boli'p tabi'ladi'».[1]

Qaraqalpaq a'debiyati' xalqi'mi'zdi'n' uzaq ha'm bay tariyxi'n, ha'r qi'yli' u'rp-a'detlerin, xarakterin, qaharmanli'q islerin tu'rli obrazlar menen bergen. Ulli' klassik shayi'rlari'mi'z Ku'nxoja, Berdaq, A'jiniyaz, Wo'tesh h.b. xali'q tariyxi'na baylani'sli' ha'r qi'yli' obrazlardi' joqari' ko'rkemlikte jaratqan. Ma'selen, Ku'nxojada miynetkesh xali'q obrazi', A'jiniyazda Watandi' su'yiwshi azamat obrazi', Berdaqta wo'z yeli, xalqi' ushi'n xi'zmet yetken, xali'q ma'pi, yerkinligi ushi'n qurban bolg'an qaharmanlar obrazi' ko'rkem sa'wlelengen. Mi'sali' Berdaqti'n' «Amangeldi» poemasi'nda qaraqalpaq xalqi'ni'n' ar-nami'si' ushi'n qurban bolg'an Asan biy, xali'q kegin ali'wshi' Amangeldi bati'r, «Aydos baba» poemasi'nda Xiywa xani'ni'n' zorli'g'i'na ko'nbegen, wog'an qarsi' shi'qqan Aydos biy, «Ernazar biy» poemasi'nda xali'q-azatli'q gu'resine basshi'li'q yetken Ernazar biy obrazlari' a'debiyati'mi'zdag'i' joqari' da'rejede ko'rkem jarati'lg'an qaharmanli'q obrazlar. Bul obrazlar qaraqalpaq xalqi' tariyxi'ni'n' yen' awi'r, yen' si'naqli' waqi'yalari'n sa'wlelendiredi.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' awi'zeki do'retpeleri de qaharmanli'q obrazlarg'a ku'ta' bay. Ko'p sanli' yerteklerde, a'psanalarda, an'i'zlarda, xali'q qosi'qlari'nda yel-xali'q ma'pi, woni'n' keleshegi ushi'n gu'resken bati'rlar obrazi' sheber jarati'lg'an. Mi'sali', «Ormambet biy» tolg'awi'nda Wormambet obrazi', Aydos biy, Ernazar biy haqqi'nda an'i'zlarda Aydos, Ernazar obrazlari'

xali’q do’retiwshiligindegi qaharmanli’q obrazdi’n’ yen’ jaqsi’ u’lgileri boli’p tabi’ladi’. Bul xali’q bati’rlari’ ulli’ maqsetler ushi’n, yag’ni’y qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yerkinligi, g’a’rezsizligi ushi’n wo’z wo’mirlerin pida’ yetip jasaydi’, xali’q ushi’n qi’yi’n momentlerde wo’z janlari’n qurban yetedi. Soni’n’ ushi’n da bul bati’rlardi’n’ obrazlari’ xali’q yadi’nda, xali’q ju’reginde ma’n’gi jasaydi’. Wolar xali’q azatli’g’i’ ushi’n gu’restin’ u’lgileri boli’p qala beredi.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda qaharmanli’q obraz jarati’w da’stu’ri a’sirese XX a’sirde ken’ ha’m ku’shli rawajlandi’. Qaraqalpaq xali’q qaharmanli’q da’stanlari’ «Alpami’s» (N.Da’wqaraev), «Qi’ri’q qi’z» (A’.Shamuratov, İ.Yusupov) tiykari’nda usi’ atamalardag’i’ dramali’q shi’g’armalar do’retildi. Wolarda xali’q qaharmanlari’ Alpami’s, Gu’layi’m, Sa’rbinaz, Wotbasqan, Ari’slan obrazlari’ do’retilip, wolar 40-50-60-ji’llardag’i’ qaraqalpaq saxnasi’ni’n’ yen’ ag’la obrazlari’ boldi’ ha’m a’debiyati’mi’zdi’n’ obrazlar du’nyasi’n bayi’tti’.

Bati’rli’q obrazlar XX a’sirdegi qaraqalpaq romanlari’nda ayri’qsha pa’t ha’m ko’rkemlik ku’sh penen rawajlandi’. Mi’sali’, T.Qayi’pbergenovti’n’ «Maman biy» a’psanasi’ romani’ 60-70-ji’llari’ qaraqalpaq a’debiyati’nda ha’m Worta Aziya xali’qlari’ a’debiyatlari’nda yelewli waqi’ya boldi’. Romanda XVIII a’sirde jasag’an belgili tariyxi’y adam, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy azatli’g’i’, yerkinligi ushi’n jani’n qurban yetken gu’resshen’ Maman biy obrazi’ sa’wlelengen. Maman biy wo’z xalqi’ni’n’ ta’g’diri ushi’n gu’resedi, ku’yip-janadi’, qaharmanli’q isler isleydi. Soni’n’ ushi’n da woni’n’ obrazi’ qaharmanli’q obraz qatari’na jatadi’.

T.Qayi’pbergenovti’n’ «Tu’siniksizler», «Baxi’tsi’zlar» romanlari’nda xali’q bati’rlari’ Aydos biy, Ernazar biy obrazlari’ qaharmanli’q obrazlar

shen'berinde jarati'lg'an. Wolardi'n' woy-pikirleri, maqset-tilekleri, is-ha'reketleri, bati'rli'q isleri xali'q ideyali'nan, arzi'w-a'rmanlari'nan kelip shi'g'adi'. Sonli'qtan da wolardi'n' obrazlari' xali'q qaharmanlari' tuwrali' tu'siniklerge sa'ykes keledi. Bul u'sh roman birlestirilip «Qaraqalpaq da'stani'» degen roman-epopeyani' payda yetti.

Qaharmanli'q obraz jarati'w da'stu'ri XX a'sirdin' 80-ji'llari'nda dawam yetti. Belgili jazi'wshi' ha'm ali'm K.Ma'mbetovti'n' «Posqan yel» dilogiyasi' payda boldi'. Wonda XV-XVI a'sirlerde Edil-Jayi'q da'ryalari' boylari'nda jasag'an qaraqalpaqlardi'n' tragediyali'q jag'daylari', jawgershilik sebebinen xali'qti'n' shubi'ri'p posi'wi', dag'dari'sli' zamanlar sa'wlelengen, tragediyali'q jag'daylarg'a, sezimlerge toli' obrazlar jarati'lg'an. Romanda xali'q ta'g'diri ushi'n gu'resken İsmayi'l sultan ha'm Wormambet biy obrazlari' qaharmanli'q obrazlar talaplari' menen jarati'lg'an. Wormambet biy tuwrali' xali'q tolg'awlar, ji'rawlar jaratqan. Bul jag'day Wormambet biydin' xali'q ta'repinen su'yiwshilikke, u'lken hu'rmet-izzetke iye bolg'ani'nan da'rek beredi.

XX a'sirdin' aqi'ri'nda 1991-ji'ldan baslap xalqi'mi'z ma'mleketlik g'a'rezsizlik aldi'. Jazi'wshi'lari'mi'z wo'tmish tuwrali', tariyx ha'm tariyxi'y sharayatlar, tariyxi'y shaxslar tuwrali' yerkin pikirlewge, yerkin jazi'wg'a mu'mkinshilik aldi'. Usi'nday unamli' tariyxi'y sharayatlardi'n' jarati'li'wi'na baylani'sli' xalqi'mi'zdi'n' wo'tmishine, tariyxi'na, woni'n' tariyxi'y adamlari'na jan'asha ko'z-qaraslardan jantasi'p, jan'a obrazlar, soni'n' ishinde qaharmanli'q obrazlar jarati'wg'a imkaniyatlar aldi'. XX a'sirdin' son'g'i' won ji'lli'g'i'nda buri'n a'debiyatta so'z bolg'an tariyxi'y shaxslar Aydos biy ha'm Ernazar biylerdin' jan'a obrazlari' jarati'ldi'. T.Qayi'pbergenovti'n' «Aydos baba» (yamasa mi'n' tillag'a bahalang'an gelle), T.Allanazarovti'n' «Aydos

baba» (1995), A.O’ta’lievtin’ «Ernazar biy» tragediyalari’nda xali’q bati’rlari’ni’n’ obrazlari’ jan’a tu’sinikler tiykari’nda du’zilgen. Bul keltirilgen shi’g’armalardi’n’ barli’g’i’ qaraqalpaq a’debiyati’nda qaharmanli’q obraz jarati’wdi’n’ belgili bir da’stu’rleri bar yekeninen gu’wali’q beredi.

Qaraqalpaq a’debiyatanni’w iliminde qaharmanli’q obraz ha’m woni’n’ ko’rkem-estetikali’q qa’siyetleri ha’m tariyxi’ tuwrali’ arnawli’ ilimiy miynetler joq, biraq bati’rlar, qaharmanlar obrazlari’ni’n’ da’stanlarda, poemalarda, romanlarda, dramali’q shi’g’armalarda jarati’li’wi’ tuwrali’ bir qatar miynetlerde ayti’ladi’. Mi’sali’, bati’rli’q da’stanlarda bati’r obrazi’ni’n’ jarati’li’wi’, woni’n’ ko’rkemlik ta’biyati’ tuwrali’ İ.Sag’i’ytovti’n’ «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qaharmanli’q eposi’» (1962), Q.Maqsetovti’n’ «Qaraqalpaq eposi’» (Tashkent, 1977), «Qi’ri’q qi’z» da’stani’ni’n’ poetikasi’, J.Xoshniyazovti’n’ «Qaraqalpaq qaharmanli’q da’stani’», «Alpami’s», K.Allambergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’», «Edige», J.Nizamatdinovti’n’ «Qaraqalpaq qaharmanli’q da’stani’ «Er Shora» (Kandidatli’q dissertatsiya, 2000 j.) h.t.b. bir qatar miynetler payda boldi’. Wolarda xali’q bati’rlari’ni’n’ is-ha’reketleri, bati’rli’q isleri, yeldin’ awi’zbirshiligi ushi’n gu’resi, si’rtqi’ dushpanlar menen ayqasta ko’rsetken ma’rtligi woni’n’ obrazi’n jarati’wdag’i’ tiykarg’i’ motivler yekenligin faktler ha’m materiallardi’ tallaw tiykari’nda ko’rsetiledi.

XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’nda xali’q bati’ri’ obrazi’ni’n’ jarati’li’wi’ tuwrali’ da ayi’ri’m miynetlerde ayti’lg’an. Wolardan N.Da’wqaraevti’n’ «Revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyati’» (1971), İ.Sag’i’ytovti’n’ «Sahra bu’lbili» (1964), A.Murtazaevti’n’ «Berdaqti’n’ sheberligi» (doktorli’q dissertatsiya, 1993), A’.Paxratdinovti’n’ «Berdaqti’n’

da'stanli'q shi'g'armalari'» (1987), Q.Yusupovti'n' «Qaraqalpaq a'debiyati'nda Aydos biy obrazi'» (kandidatli'q dissertatsiya, 2002) miynetlerin atap wo'tiwge boladi'. Bul atap wo'tilgen jumi'slarda Berdaqti'n' «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» poemalari'ndag'i' qaharmanli'q obrazlarg'a toqtap wo'tiledi, wolardi'n' qalay jarati'lg'ani' tuwrali' so'z yetiledi.

T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'ndag'i' xali'q bati'rlari' Maman biy, Aydos biy, Ernazar biy obrazlari' tuwrali' di' bir qatar miynetlerde belgili da'rejede toqtap wo'tilgen. A'debiyatshi'lar J.Nari'mbetovti'n' «Karakalpakskiy roman» (1974), Q.Sultanovti'n' «Qaraqalpaq prozasi'ni'n' rawajlani'w jollari'», P.Nurjanovti'n' «Sveryaya s narodnoy pamyatyu», H.O'temuratovani'n' «Qaraqalpaq tariyxi'y romanlari'ni'n' poetikasi'» (1997) monografiyalari'nda ha'm bir qatar maqalalarda joqari'da ayti'lg'an tariyxi'y adamlar obrazlari'ni'n' yestetikali'q belgileri, atap aytqanda qaharmanli'q belgileri de ko'rsetip wo'tiledi. Bul atap wo'tilgen miynetler qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde qaharmanli'q obrazdi' ilimiy tallaw boyi'nsha azli'-ko'pli ta'jiriybelerdin' bar yekenin ko'rsetedi. Biraq qaraqalpaq a'debiyati'nda qaharmanli'q obraz ku'ta' ko'p shi'g'armalarda jarati'lg'an. Biz buni' joqari'da atap wo'ttik ha'm woni'n' u'yreniliw jag'daylari'n da ko'rip wo'ttik.

Bizin' pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zdi'n' kishkene ko'leminde qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' barli'q qaharmanli'q obrazlardi' qarap wo'tiw ha'm ken' tu'rde tallaw mu'mkin yemes. Soni'n' ushi'n bul pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zda tek g'ana XIX a'sirdin' ulli' demokrat shayi'ri', qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' klassigi Berdaqti'n' «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» poemalari'n tallaw wobekti yetip aldi'q. Jumi'sta atalg'an poemalardag'i'

xali’q bati’rlari’ Amangeldi, Asan biy, Aydos biy, Ernazar biy obrazlari’ni’n’ yestetikali’q qa’siyetlerin, atap aytqanda wolardi’ qaharmanli’q kategoriyasi’ tiykari’nda u’yreniwdi maqset yettik. Buni’n’ ushi’n jumi’sta yestetikali’q kategoriyalarg’a teoriyali’q ani’qlamalar, tu’sinikler berildi, soni’n’ ishinde qaharmanli’q kategoriyasi’na ha’m qaharmanli’q obrazg’a teoriyali’q tallaw jasaldi’. Usi’ teoriyali’q tu’siniklerge su’yene woti’ri’p Berdaqti’n’ «Amangeldi», «Aydos biy», «Ernazar biy» poemalari’ndag’i’ bati’rlar obrazlari’na yestetikali’q qaharmanli’q kategoriyasi’ ko’z-qarasi’nan ken’ tallaw jasaldi’.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’:** Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’ni’n’ maqseti sonnan ibarat, G’a’rezsizlikkek yeriskennen keyin bizin’ qa’diriyatlari’mi’zdi’n’ qaytadan tikleniwinin’ na’tiyjesinde u’lken tabi’slarg’a yeriskenliklerinin’ tiykarg’i’ dereklerinen a’debiyat ha’m woni’ woqi’ti’wda da aldi’mi’zg’a u’lken a’diwli talaplar qoyi’ldi’. Bizin’ wazi’ypami’z usi’ talaplardi’ uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerde qaraqalpaq folklori’ menen qaraqalpaq a’debiyati’n jan’a ko’z qarastan yen’ aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalarda woqi’ti’w boyi’nsha jan’a usi’llardan paydalani’w jollari’n bayanlawdan ibarat.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodikali’q tiykarlari’:** Prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ miynetleri ha’m ruwxi’yli’q ma’deniyati’mi’z, manaviyati’mi’zdi’ qa’liplestiriwdegi miynetleri, a’debiyat a’debiyat haqqi’ndag’i’ jan’a woy-pikirleri bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ basli’ metodologiyali’q tiykari’ boli’p tabi’ladi’. Jumi’sti’n’ teoriyali’q tiykarlari’ retinde ko’rkem a’debiyatti’n’ teoriyasi’ boyi’nsha salmaqli’ u’les qosqan, ilimiy miynetleri menen belgili bolg’an N.Da’wqaraev, Q.Ayi’mbetov,

A’.Ta’jimuratov, A’.Paxratdinov, K.Allambergenov, S.Kazakbaev ha’m tag’i’ basqada ilimpazlardi’n’ jumi’slari’nan ali’ndi’.

**Jumi’sti’n’ a’meliy a’hmiyeti:** Uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerdin’ woqi’w bag’darlamasi’na tiykarlani’p qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’wdi’n’ aktual ma’selelerin yesapqa alg’an jag’dayda jan’a pedagogikali’q texnologiyada woqi’ti’wdi’n’ bir qansha u’lgilerin mi’sal si’pati’nda ko’rsetip berilgen. Bul keleshekte mektep mug’allimleri ushi’n metodikali’q qollanba si’pati’nda u’lgi boladi’ dep yesaplaymi’z.

**Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’ni’n’ quri’li’si’:** Jumi’sti’n’ quri’li’si’ u’sh baptan ha’m juwmaq penen paydalang’an a’debiyatlardan ibarat.

## I Bap. BERDAQ G’ARG’ABAY ULİ’Nİ’N’ WO’MİRİ HA’M DO’RETİWSHİLİGİN WOQİ’Tİ’W METODIKASİ’

**Sabaq tu’ri:** Mashqalali’ sabaq, shi’ni’g’i’w.

**Sabaqti’n’ metodi’:** Klaster

**Sabaqti’n’ maqseti:**

a) Berdaq XIX a’sirde jasap, sol da’wirdin’ tariyxi’y talaplari’n, ruwxi’y ha’m ja’miyetlik turmi’si’n u’lken ko’rkemlik talant penen sa’wlelendirilgen shayi’r. Woni’n’ shi’g’armalari’nda xali’q tariyxi’, xali’qti’n’ qaharmanli’q gu’resi, sotsialli’q turmi’si’, filosofiyali’q woy-pikiri, xali’q danali’g’i’ toli’q sa’wlelengen. Berdaq do’retiwshiligi tu’rli obrazlarg’a bay. Wonda dana xali’q obrazi’ («Xali’q ushi’n», «Jaqsi’raq», «Qashan rahatlanadursan’?» h.t.b.), ten’sizlik zamannan, ta’rtiplerden yezilgen a’piwayi’ miynetkesh adamni’n’ obrazi’ («Jaz keler me?», «Sali’q», «Bi’yi’l», «Zamanda» h.t.b.), minez-qulqi’, ju’ris-turi’si’, is-ha’reketleri ja’miyetlik ta’rtiplerge, xali’qli’q wo’lshemlerge u’ylespeytug’i’n, wolarg’a qarsi’ keletug’i’n aldawshi’lar, jalataylar, wa’depazlar, ashko’z si’qmarlar obrazi’ («Teris qaytqan», «Qa’len usta», «Toyda» h.t.b. qosi’qlari’nda), wo’z huqi’qi’, adamgershilik ar-nami’si’ ushi’n gu’resken g’ayratli’ hayal-qi’zlar obrazi’ ken’ tu’rde jarati’lg’an. («Aqmaq patsha», «Ra’wshan» da’stanlari’).

Berdaq – wo’z xalqi’n su’ygen, woni’n’ arzi’w-a’rmanlari’, tilekleri menen jasag’an patriot shayi’r. Sonli’qtan woni’n’ shi’g’armalari’nda Watan, yel-xali’q, millet temasi’ wo’zgeshe jan’laydi’. Wol wo’z xalqi’ni’n’ yerkin ha’m abadan turmi’sta jasawi’n a’rman yetti. Xali’q azatli’g’i’, xali’q ma’pi, ar-nami’si’ ushi’n gu’resetug’i’n gu’resshen’ler, xali’q qaharmanlari’ obrazi’n jaratti’. Usi’ qaharmanli’q obraz Berdaq do’retiwshiligindegi worayli’q

obrazlardan boli’p tabi’ladi’. Shayi’rdi’n’ «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» poemalari’nda yeldin’ g’a’rezsizligi, ar-nami’si’ ushi’n gu’resken xali’q qaharmanlari’ni’n’ obrazlari’ sa’wlelengen.

Qaharman (bati’r) obrazi’n jarati’w ushi’n Berdaq belgili bir bati’rdi’n’ is-ha’reketlerin, bati’rli’q islerin su’wretleydi. Mi’sali’, «Amangeldi» poemasi’nda xali’q awzi’nda an’i’z boli’p ketken Amangeldi ha’m Asan bati’rlar obrazi’ su’wretlenedi. Shayi’r wolardi’n’ a’ddettegiden ti’sqari’, a’piwayi’ adamlardan aji’rali’p turatug’i’n yetip su’wretleydi. XVIII a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ Qoqan xanli’g’i’na qarasli’ bo’legine xan ha’r qi’yli’ sali’qlar sali’p, ha’tteki qi’z sali’g’i’n sali’p yeldi bu’ldiredi, yeldin’ ar-nami’si’n ayaq asti’ yetedi, biraq xali’q bul zorli’qqa ko’ngisi kelmeydi.

Qoqan xani’ qi’ldi’ zorli’q,
Qi’z sorati’p berdi qorli’q,
Asan ko’rsetti dug’i’mli’q,
«Ji’latpayman yeldi», — dedi.
—Qaraqalpaq bermes qi’zi’n,
Ha’mmesi de menin’ qi’zi’m,
Tiydirmespen tiride wo’zim,—
Dep Asan yer Qoqan keldi.
So’zinen qaytpadi’ Asan,
—Qi’z alarsan’ wo’lsem qashan,
Watan bolmas bizge Qoqan,
Sen shuwlatti’n’ yeldi, — dedi.
Xan Asandi’ ko’p urg’i’zdi’,
Ja’ne worni’nan turg’i’zdi’,

—Bermeysen’ be, — dedi, — qi’zdi’?

Asan ja’ne so’zge keldi.[1]

Mi’salda ali’ng’an qatarlarg’a qarasaq, Qoqan xanli’g’i’na qarasli’ qaraqalpaqlardi’n’ biyi Asan atali’qti’n’ ma’rtlik is-ha’reketin ko’remiz. Asan zali’m xanni’n’ aldi’nda qaytpastan wo’z xalqi’ni’n’ ar-nami’si’n qorg’aydi’. Xali’q ushi’n qorli’qli’ qi’z sali’g’i’na ko’nbeytug’i’ni’n «Qaraqalpaq bermes qi’zi’n» dep ma’rtlik penen bildiredi. Ashi’wlang’an xan Asandi’ qi’ynap, ko’p azaplar beredi. Biraq Asan atali’q ma’rtlik yetip wo’z pikirinen qaytpaydi’. «So’zinen qaytpadi’ Asan, Qi’z alarsan’ wo’lsem qashan» dep xang’a bati’l juwap beredi. Xan jasawi’llari’ni’n’ qi’ynawi’, azaplari’ woni’n’ ruwxi’n si’ndi’ra almaydi’, ar-nami’s si’yaqli’ joqari’ adamgershilik qa’siyetlerden bezdire almaydi’. Asandi’ zali’m xan wo’limge buyi’rsa da qori’qpaydi’.

Asti’rdi’ darg’a Asandi’,

Yel dep Asan berdi jandi’.[2]

Asan xali’qti’n’ ar-nami’si’n saqlap qali’w ushi’n jan beredi, ma’rtlershe qurban boladi’, «Qi’z sali’g’i’» si’yaqli’ xanni’n’ qorli’qli’ buyri’g’i’n wori’nlamaydi’, yeldi ji’latpayman dep jan beredi. «Asan wo’z xalqi’ni’n’ nami’si’n joqari’ sanaydi’, wo’zinin’ xali’q perzenti yekenligin tu’sinedi, yeldin’, xali’qti’n’ ma’pi ushi’n gu’resiwdi yen’ hu’rmetli is dep biledi. Wo’zinin’ is-ha’reketin usi’ pikirge bag’i’ndi’ri’p ali’p baradi’.»[3]

Da’standa Berdaq su’wretlegen Asanni’n’ ko’rkem obrazi’ woqi’wshi’da su’ysiniw ha’m ko’terin’ki, maqtani’shli’ sezimlerdi woyatadi’. Bul jerde shayi’r Asanni’n’ bati’rli’q islerin su’wretlew arqali’ woni’n’ obrazi’n

[1] Berdaq. Tan’lamalı shıg’armaları. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1987, 168-169-betler.
[2] Berdaq, 1987, 169-bet.
[3] Axmetov S., Mambetov K. Qaraqalpaq a’debiyatı. Orta mekteplerdin’ 10-klassı ushın sabaqlıq. No’kis, «Bilim», 1996, 144-bet.

qaharmanli’q obraz da’rejesine ko’teredi. Soni’n’ menen birge Asan biydin’ obrazi’ tragediyali’q obraz. Sebebi, wol woqi’wshi’da maqtani’sh, ko’terin’ki sezimlerin payda yetiw menen birge tragediyali’q sezimlerdi de woyatadi’. Asan biydin’ wo’limi qaraqalpaq xalqi’ ushi’n worni’ tolmaytug’i’n jog’alti’w boli’p tabi’ladi’. Asan obrazi’ arqali’ Berdaq xorli’qqa, zorli’qqa ko’ngisi kelmeytug’i’n, yerkinlikti, azatli’qti’ ha’r na’rseden joqari’ qoyatug’i’n qaraqalpaq xalqi’ni’n’ obrazi’n beredi desek boladi’.

«Amangeldi» da’stani’ni’n’ bas qaharmani’ Amangeldi bati’r boli’p yesaplanadi’. Wol qaraqalpaqlardi’n’ qoldawli’ uri’wi’nan boli’p, Asanni’n’ wo’limi ushi’n wo’sh ali’wg’a qarar qi’ladi’, a’sker ji’ynaydi’. Buni’ Berdaq «Ko’p qoldawli’ Tu’rkstanda, Sog’an bardi’ Amangeldi» dep aytadi’. Woni’n’ bati’rli’q is-ha’reketlerin shayi’r giperbolali’q su’wretlewler menen ko’rsetedi.

Amangeldi Tu’rkstanda,
Ha’mir yetse bir zamanda,
La’shker tarti’p atlang’anda,
Bo’lek-bo’lek duman keldi.
Bari’p dushpandi’ wo’ltirdi,
Gellesin kesip keltirdi,
Ma’rtligin jurtqa bildirdi,
Ari’slan tuwg’an Amangeldi.[4]

Xali’q bati’ri’ Amangeldi xali’qti’n’ ari’ ushi’n qurban bolg’an Asanni’n’ wo’shin usi’layi’nsha aladi’. Bul jerde Amangeldinin’ obrazi’ ta’riyip usi’li’nda jarati’ladi’, yag’ni’y woni’n’ bati’rli’q is-ha’reketleri giperbolali’q su’wretlewler arqali’ a’dewir asi’ri’p su’wretlenedi, ko’terin’ki stilde beriledi. Ta’riyiplik janrdi’n’ talaplari’na muwapi’q Amangeldinin’ bati’rli’q is-ha’reketleri uli’wma

[4] Berdaq, 1987, 168-bet.

bag'darda, maqtaw stilinde su'wretlenedi, wolar detallasti'ri'li'p, yag'ni'y maydalap su'wretlenbeydi, is-ha'reketlerdin' tamamlang'an, juwmaqlang'an formasi' beriledi. «Ari'slan tuwg'an Amangeldi», «Ari'slan yedi Amangeldi» si'yaqli' metaforali'q su'wretlewler ko'p qollani'ladi'. Solay yetip Amangeldi obrazi'n jarati'wda maqtaw (ta'riyip) birinshi wori'ng'a shi'g'adi'.

Amangeldidey bolmag'a,
Bari'p xannan qan almag'a,
Gelle kesip jan almag'a,
Qay birin'nin' shaman' keldi?
Uri'sqani'n ko'rsen' woni'n',
Qa'tesi joq bul da'stanni'n',
Qarsi' kelgen wol dushpanni'n'
Ju'reginde a'rman keldi.[5]

Mine, xali'q bati'ri' Amangeldi xali'qti'n' ayaq asti' bolg'an ar-nami'si'n tikleydi, xali'qti'n' ju'regindegi ashi'w-i'zasi'n, xali'qti'n' su'yikli perzenti, xali'q ushi'n qurban bolg'an yer Asanni'n' kegin aladi'. Bunnan ti'sqari' Amangeldinin' bati'rli'q obrazi'n toli'qti'ri'w ushi'n ha'r qi'yli' mag'li'wmatlardi' keltiredi. Amangeldinin' zamani'nda qaraqalpaq xalqi' g'a'rezsiz boli'p, azatli'qta jasaydi'. Tu'rli yeller yellerden, wa'layatlardan, qalalardan Amangeldige atap si'yli'qlar keledi, xanlar da Amangeldinin' ma'rtligin moyi'nlap, wog'an si'yli'qlar jiberedi, woni'n' menen dosli'q qari'm-qatnaslar wornati'wg'a umti'ladi'. Bul jag'daylardi' Berdaq to'mendegi qatarlar menen ko'terin'ki stilde su'wretleydi.

Patshalar turg'an taxti'nda,

[5] Berdaq, 1987, 169-bet.

Woni’n’ da’wletli baxti’nda,
Amangeldinin’ waqti’nda,
Neshshe xannan inam keldi.
Wol Buxari’, G’i’jduannan,
Qashqari’, Tashkent, Qoqannan,
A’ndijani’, Ma’rg’ulannan,
Ta’rk bolmayi’n dawam keldi.
Amangeldi da’wletinde,
Ba’rekella xi’zmetine,
Ha’r bir jurttan hu’rmetine
Tu’rli-tu’rli inam keldi.[6]

Solay yetip berdaq wo’zinin’ «Amangeldi» da’stani’nda xali’q a’rmani’n beredi, bati’rli’q, qaharmanli’q tuwrali’ xali’q tu’sinigin beredi. Berdaqti’n’ bergen tu’sinigi boyi’nsha xali’q azatli’g’i’, yerkinligi, xali’qti’n’ ar-nami’si’, hu’jdani’, abi’royi’ ushi’n ali’p bari’lg’an ha’r qanday is-ha’reketler, gu’resler haqi’yqi’y qaharmanli’q boli’p yesaplanadi’.

Belgili a’debiyatshi’, Berdaq do’retiwshiligin izertlewshi Aydar Murtazaev shayi’rdi’n’ «Amangeldi» poemasi’nda qaharmanli’q obrazlar tuwrali’ bi’lay dep jazadi’: «Xan Asandi’ so’zinen qaytpag’anli’qtan darg’a asti’rdi’. Biraq Asan pu’tkil bir xali’qti’n’ ar-nami’si’n qorg’ap wo’ldi. Ruwxi’y jaqtan Asan jen’ilgen joq, xan woni’ topasli’q, zorli’q qara ku’sh penen g’ana waqi’tsha irikti.

Lekin avtor ma’selenin’ bulay ayaqlani’wi’n qa’lemedi. Sebebi du’nyada topasli’q yemes, haqi’yqatli’q, ulli’ maqsetke, jaqsi’ niyetke qarati’lg’an ku’sh-

[6] Berdaq, 1987, 169-170-betler.

adam yerki jen’iwi tiyis. Bul shayi’r ideali’nan tuwg’an arzi’wsi’, a’rmani’. Mine, sonli’qtan da poemada xali’q bati’ri’ Amangeldi Qoqand xani’nan Asanni’n’ qani’n aladi’, yag’ni’y nami’ssi’z xandi’ gelle qi’ladi’. Solay yetip, poemada qashan da bolsa duri’sli’q, haq is jen’edi degen biyik ideya shi’g’ari’ladi’.»[7]

Berdaq xali’q bati’rlari’ Asan, Amangeldi obrazlari’ arqali’ qaharmanli’q ideyalardi’ beredi, wolardi’n’ qanday ulli’ maqsetlerge qarati’li’w kerek yekenligin ko’rkem so’z benen ko’rsetip beredi. Xali’q ma’pi, xali’q azatli’g’i’, ar-nami’si’ ushi’n at salg’an gu’resshen’ler g’ana haqi’yqi’y qaharmanlar, bati’rlar bola aladi’, sonday adamlardi’n’ obrazlari’ ko’rkem a’debiyatta haqi’yqi’y qaharmanli’q obraz da’rejesine ko’teriledi.

Berdaqti’n’ «Amangeldi» da’stani’ jo’ninde bir qatar a’debiyatshi’lar ha’m tariyxshi’lar a’n’gime yetti. Wolardi’n’ kitaplari’nda ha’m maqalalari’nda «Amangeldi» poemasi’ni’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ worni’, Amangeldi ha’m Asan obrazlari’, wolardi’n’ turmi’sli’q ha’m tariyxi’y da’rekleri haqqi’nda mag’li’wmatlar keltiredi, woy-pikirler ju’ritedi.[8]

## Berdaqti’n’ «Aydos baba» poemasi’nda qaharmanli’q obrazdi’n’ sa’wleleniwi

Berdaqti’n’ ha’m ko’rkemlik ha’m mazmunli’q jaqtan ko’rnekli shi’g’armalari’ni’n’ biri-bul «Aydos baba» poemasi’. Woni’n’ temasi’ XIX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaqlardi’n’ Xiywa xani’ menen siyasiy qatnasi’na arnalg’an. Bul ma’sele qaraqalpaqlardi’n’ ataqli’ biyi, xali’q awzi’nda an’i’z

[7] Murtazaev A. Klassikamızdın’ biyik shın’ı-Berdaq. Tan’lamalı shıg’armaları. No’iks, «Qaraqalpaqstan», 1987, 26-bet.
[8] Da’wqaraev N. Revolyutsiyag’a shekemgi qaraqalpaq a’debiyatı tariyxının’ ocherkleri. No’iks, 1961; Bekbawlov O. Berdaqtın’ «Amangeldi» poeması h’a’m onın’ joqarı qaraqalpaqlarg’a saparı ma’selesine. «A’miwda’rya», 1969, N7, 117-121-bb; Esbergenov X. Berdaq shayırdın’ «Amangeldi» poemasının’ tariyxıy da’rekleri. «Qaraqalpaqstan jasları», 1999, 15-aprel; Paxratdinov A’. «Amangeldi» da’stanı.-Berdaq. «Amangeldi», No’kis, 1993, 3-19 bb; h’.t.b.

bolg’an Aydos biydin’ obrazi’ arqali’ beriledi. «Aydos biy XVIII a’sirdin’ aqi’ri’nda XIX a’sirdin’ basi’nda jasag’an qaraqalpaqlardi’n’ siyasiy basshi’si’. Wol pi’ti’rap ko’ship ju’rgen qaraqalpaq uri’wlari’n bir jerde toplawda ha’m A’miwda’ryani’n’ to’mengi jag’i’nan a’kelip wornalasti’ri’wda a’hmiyetli rol woynag’an adam. Aydos tariyxi’y ha’m siyasiy jaqtan quramali’ da’wirde jasadi’. Sonli’qtan wol tuwrali’ ha’r qi’yli’ mazmundag’i’ an’i’zlar, a’n’gimeler, pikirler tarqalg’an. Wolardi’n’ birewleri Aydos biydi xali’q ma’pin jaqlag’an, ar-nami’si’n qorg’ag’an azamat, bati’r dese, yekinshileri xali’qti’n’ ar-nami’si’n ayaqqa basqan, xali’q ta’g’diri menen yesaplaspag’an satqi’n dep ta’riyipleydi. Aydos biy tuwrali’ qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda ha’m ha’zirgi zaman qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rnekli shi’g’armalar jazi’ldi’. Qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ ishinde Aydos biy haqqi’nda birinshi boli’p da’stan jazg’an ulli’ klassik shayi’r Berdaq G’arg’abay uli’ (1827-1900) boldi’.»[9]

Sovet hu’kimeti da’wirinde jazi’lg’an bir qatar tariyxi’y miynetlerde Aydos biy a’mel ushi’n, wo’z ma’pi ushi’n wo’z xalqi’ni’n’ ma’pin satqan turaqsi’z adam dep bahalanadi’.[10] Bul miynetlerde Aydos biy qaraqalpaqlarg’a toli’q biy bolasan’ degen xanni’n’ aldawi’na yerip ha’m xan boli’wg’a ha’wes yetip, wo’zinin’ inileri Begis penen mi’rji’qti’ wo’ltiredi, qaraqalpaqlardi’ Xiywa xani’ni’n’ jawlap ali’wi’na ja’rdemlesedi, solay yetip wo’z xalqi’na wo’zi satqi’nli’q yetedi dep ayti’ladi’. Al son’g’i’ ji’llari’ Aydos biy tuwrali’ buri’ng’i’ pikirler wo’zgerip, wol wo’z xalqi’ni’n’ g’a’rezsizligi ushi’n tu’rli jollar menen gu’res ju’rgizgen degen pikirler payda bolmaqta. Bunday pikirler ayi’ri’m ilimiy miynetlerde,[11] sonday-aq jazi’wshi’lar ta’repinen bir qatar ko’rkem

---

[9] Yusupov K. Obraz Aydos biya v karakalpakskoy literature. Avtoreferat kand.diss. Nukus, 2002, c 4.
[10] Kamalov S. Karakalpaki v XVIII-XIX vekax. Tashkent, 1968, cc. 177-184; Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı. A’yyemgi zamanlardan baslap bizin’ ku’nlerimizge deyin. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1989, 79-82-betler.
[11] Yusupov K. Obraz Aydos biya v karakalpakskoy literature. Avtoreferat kand.diss. Nukus, 2002.

shi’g’armalarda berilmekte.[12] Bul shi’g’armalarda Aydos biy xali’q g’ami’n woylaytug’i’n, woni’n’ g’a’rezsizligi ushi’n gu’resetug’i’n, xali’qti’n’ tariyxi’, wo’tmishi, bu’gingi ha’m keleshegi tuwrali’ wo’zinin’ woy-pikirlerine, turaqli’ pozitsiyasi’na iye adam si’pati’nda su’wretlenedi. Bunday pikirler Aydos biydi ha’zirgi da’wir ko’zqarasi’nan bahalap, ko’rkem shi’g’armalarda sa’wlelengen woni’n’ obrazi’n unamli’ bahalap, qaharmanli’q obraz si’pati’nda tallawg’a bolatug’i’ni’n ko’rsetedi.

Berdaqti’n’ «Aydos biy» poemasi’n woqi’p qarag’anda da Aydos biy obrazi’n shayi’r unamli’ yetip su’wretlegenin ko’remiz. Poemada Aydos xan a’meldarlari’nan qori’qpaytug’i’n da’wju’rek ha’m wo’rko’kirek adam yetip su’wretlenedi. «Aydos baba» poemasi’ xan a’meldarlari’ menen Aydos biy arasi’ndag’i’ qatnaslardi’ ashi’p beredi. Bul qatnaslar a’meldarlar menen Aydos arasi’ndag’i’ dialoglar arqali’ ashi’ladi’. Xan sarayi’ndag’i’ ta’rtip boyi’nsha xali’qtan ji’yi’lg’an sali’q pullar xan ha’zireti, Aydos biy, xan a’meldarlari’ arasi’nda bo’listiriliwi kerek.

—Kel baba, shi’g’i’n’i’z to’rge,
Haq yaratqan na’zerka’rda,
Ten’geni bo’ldik to’rt jerge,
Birin ali’n’, Aydos baba!
—Xandi’ ulli’ qi’ldi’ quday,
Da’skesi ko’p, xan yeki pay,
Sizin’ menen bizler bir pay,
Boldi’q yendi aydos baba.[13]

[12] Allanazarov T. Aydos baba. Tragediya. No’kis, 1993; Qayıpbergenov T. Aydos baba. Tragediya. «Erkin Qaraqalpaqstan», fevral-mart 1998; Paxratdinov A’. Aydos biy h’aqqında a’psana. Povest. Jurnal «A’miwda’rya» N4, N5-6, 1999.
[13] Berdaq. Tan’lamalı shıg’armaları. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1987, 163-bet.

Biraq Aydos biy bunday ta’rtipke ko’nbeydi, sali’q puldi’ xan menen ten’ bo’lisiwdi talap yetedi, a’meldarlardi’ sherik qi’lg’i’si’ kelmeydi. Wol bati’l tu’rde a’meldarlarg’a qarsi’ so’z aytadi’.

—Ulli’ bolsa xanni’n’ ulli’,
Bolajaqsi’z ba’rin’ ulli’,
Qaydan ali’psi’z bul puldi’,
Aytqi’l, — dedi Aydos baba.
Xan woti’rar salqi’n jayda,
Tilla’ ko’shkili sarayda,
Men bolmasam aqsha qayda?
Bilin’, — dedi Aydos baba.
Mut pul kerek sendey qulg’a,
Bolajaqsi’z jurtqa tulg’a,
Ten’ jari’man sali’q pulg’a,
Ten’ bol! — dedi Aydos baba.[14]

Aydos xali’qtan ji’yi’lg’an sali’q pulg’a miyneti sin’bese de jarmasi’p, talasi’p ju’rgen, wog’an sherik boli’p ma’plengisi kelgen haram tamaq a’meldarlarg’a wo’ltire soqqi’ beredi. «Mut pul kerek sendey qulg’a» dep wolardi’n’ insapsi’zli’g’i’n, haramtamaqli’g’i’n, ashko’zligin, miyneti sin’begen mut puldan da’mego’yligin betine basadi’. Wolardan qorqi’p aytar so’zin bu’gip qalmaydi’, awi’r bolsada haqi’yqatli’qti’ aytadi’. Bul ha’reketler aydosti’n’ jeke bati’rli’g’i’n, ju’rekliligin, a’dillik ushi’n hesh na’rseden tayi’nbaytug’i’nli’g’i’n bildiredi.

Sabaq tu’ri: Birlesken sabaq.

Sabaqti’n’ metodi’: Kishi toparlarda islew.

---

[14] Berdaq. 164-bet.

Sabaqti'n' maqseti:

1. Bilim beriwshilik: a) Shayi'r shi'g'armalari'ni'n' mazmuni'nda da'wir haqi'yqatli'g'i'ni'n' ha'm zaman ten'sizliginin' su'wretleniw ma'seleleri tuwrali' teren' tu'sinik beriw; b) Shayi'r shi'g'armalari' tuwrali' teren' bilimge iye boli'w.

2. Ta'rbiyali'q a'hmiyeti: ―Shayi'r shi'g'armalari' arqali' wo'tkendegi ata-babalari'mi'zdi'n' turmi'si', jasaw jag'dayi' menen tani'si'w ha'm ha'wzirgi turmi'sti'n' iqa'dirine jetiwge ta'rbiyalaw.

3. Rawajlandi'ri'w: ―Woqi'wshi'lardi'n' di'qqati'n bekkemlew ha'm woy-pikirin, so'ylew ma'deniyati'n rawajlandi'ri'w.

―Ku'tiletug'i'n na'tiyje: ―Berdaq shi'g'armalari' arqali', shayi'r jasag'an da'wir ha'm xali'q turmi'si'n u'yreniw na'tiyjesinde, bu'gingi g'a'rezsizlik da'wirdin' qa'dir-qi'mbati'n seziniwge ta'rbiyalanadi'.

Ko'rgizbe qurallar: Sabaqli'q, shayi'rdi'n' qosi'qlar toplami', ilimiy izertlewler, shayi'rdi'n' portreti, Qaraqalpaqstan Respublikasi' kartasi', plakat, market t.b.

Sabaq bari'si':

Sho'lkemlestiriw: (5 min). Mug'allim wo'tken sabaqta Berdaqti'n' wo'miri ha'm do'retiwshiligin tu'sindiriw bari'si'nda shayi'rdi'n' wo'zi jasag'an da'wir haqi'yqatli'g'i'n, ja'miyettegi ten'sizlikti su'wretlegen shi'g'armalari' haqqi'nda da tu'sinik berip wo'tken yedi. Yendi zaman ten'sizligin su'wretleytug'i'n shi'g'armalar boyi'nsha woqi'wshi'lardi'n' qanshelli da'rejede xabardar yekenligin biliw maqsetinde to'mendegishe usi'l paydalani'ladi'.




Taza tema: (15 min). Mug’allim temani’ tu’sindirgende to’mendegi ma’selelerge di’qqat awdari’wi’ kerek.

Berdaq xali’q shayi’ri’, wol miynetkesh xali’q arasi’nan shi’qti’ ha’m wo’mir boyi’ wo’z xalqi’ni’n’ ari’n-arlap, ji’ri’n-ji’rladi’. Sonli’qtan da shayi’rdi’n’ «Berdimurat xali’qti’, xali’q Berdaqti’ jalg’i’zi’nday ko’rer jannan jaqsi’raq» dewi haqi’yqat shi’nli’q yedi.

Berdaq do’retiwshiliginin’ yen’ bahali’ ta’repi sonda wol wo’zi jasag’an da’wirdin’ haqi’yqatli’g’i’n, zamanni’n’ shi’n turmi’sli’q ko’rinisin burmalamastan ani’q ashi’p Bere biledi. Zamani’ndag’i’ a’dalatsi’zli’qlar menen ten’sizliklerdin’ sebebin, naduri’s ju’rgizilip ati’rg’an qa’te siyasatti’ talqi’lap, gumanistlik, filosofiyali’q ko’z-qaraslari’n bildirdi.

Xali’qti’n’ a’rmani’ Berdaqti’n’ a’rmani’ boldi’. Zamanni’n’ siyasati’na teren’ si’n Bere woti’ri’p, keleshekte xali’qti’n’ gu’llengen, baxi’tli’ jaynag’an turmi’sta jasaytug’i’nli’g’i’na u’lken isenim menen qaradi’. Xali’qti’n’ g’a’rezsizlik da’wrang’a jetetug’i’ni’n, Yerkin turmi’s keshiretug’i’ni’n ko’regenlik penen ayta bilgen dani’shpan shayi’r boldi’.

Mug’allim shayi’rdi’n’ zaman ten’sizligi haqqi’nda jazg’an shi’g’armalari’nan da’lilli mi’sallar keltirip, teren’ tu’sindiriw na’tiyjesinde woqi’wshi’lardi’n’ ko’z-aldi’na XIX a’sirde jasag’an qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’n sa’wlelendiriw kerek.

Bekkemlew: (20 min). Mug’allim woqi’wshi’lardi’ wo’zinin’ bo’listiriw ta’rtibi menen 4 toparg’a bo’ledi. Topari’na at qoyi’wdi’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerine qaldi’radi’.

Sorawlar jaba tu’rde beriledi ha’m tayarlani’wg’a 5 minut waqi’t aji’rati’ladi’. Belgilengen waqi’t ishinde sorawlar almasti’ri’li’p beriledi. Usi’ tiykarda awi’zsha, yamasa jazba tu’rde juwap ali’nadi’ ha’m bahalanadi’. Biraq bahalaw ushi’n ha’r topardan woqi’wshi’lar tan’lap ali’nadi’. Wolar sorawlarg’a juwap bermeydi, baqlawshi’ xi’zmetin atqaradi’ ha’m pikir bildiredi. Sorawlar to’mendegishe beriledi.

1-tapsi’rma:

1-topar: «Xali’q ushi’n» qosi’g’i’n tallaw.

2-topar: «Jaqsi’raq» qosi’g’i’n tallaw.

3-topar: «Bu’lbil» qosi’g’i’n tallaw.

4-topar: «Bolg’an yemes» qosi’g’i’n tallaw.

2-tapsi’rma:

1-toparg’a: Jumi’s isle tuwi’lg’an son’ yel ushi’n,

Jani’n’di’ ayama yelde yer ushi’n.

__________________________

__________________________

Dawami’n ha’m qaysi’ qosi’qtan u’zindi keltirilgenin aytadi’.

2-toparg’a: Zali’mlar yezip ju’r xali’qlardi’ sansi’z,

Betinde qani’ joq, gilen’ iymansi’z.

_________________________

_________________________

Dawami’ ha’m qaysi’ qosi’qtan u’zindi keltirilgen?

3-toparg’a: Jog’i’mnan tappadi’m derek,

Sag’dari’mdi’ izler yedim.

_________________________

_________________________

Dawami’ ha’m qaysi’ qosi’qtan u’zindi keltirilgen?

2-toparg’a: Qalay-qalay boldi’ zaman,

Ku’nnen-ku’nge boldi’ jaman.

_________________________

_________________________

Dawami’ ha’m qaysi’ qosi’qtan u’zindi keltirilgen?

Son’i’nan mug’allim, tez ayti’w yamasa «Kim shaqqan» woyi’ni’n sho’lkemlestiredi. Bunda mug’allim qosi’q shuwmaqlari’n woqi’ydi’, al woqi’wshi’lar shaqqan ha’m tez qosi’qti’n’ ati’n tawi’p ayti’w kerek. Sorawlar izbe-izlik penen ha’r bir toparqa beriledi. Juwap Bere almasa, sorawlar qayta beriledi. Basqa toparlar u’ndermey woti’radi’. So’ylep qoyg’an toparg’a jarima beriledi. Duri’s juwapqa ball qoyi’ladi’.

U’yge tapsi’rma beriledi ha’m qoyi’lg’an ball yesittiriledi. (5-min).

## II Bap. BERDAQTİ'N' TARİYXİ'Y AYDOS BİY, ERNAZAR BİY, AMANGELDİ DA'STANLARİ'N KLASTER USİ'Lİ'NDA WOQİ'Tİ'WDİ'N' METODİKASİ'

Woqi'ti'wshi' ha'zirgi da'wirde qollani'p ati'rg'an usi'l ha'm texnologiyalardan wo'z mu'mkinshiliginen kelip shi'g'a woti'ri'p paydalani'wi' mu'mkin. Biz bir neshe u'lgiler beremiz:

Pikirlerdin' tarmaqlani'wi' — bul pedagogikali'q strategiya boli'p, wol woqi'wshi'lardi'n' bir temani' teren' u'yreniwine ja'rdem berip, woqi'wshi'lardi' temag'a baylani'sli' tu'sinik yaki ani'q pikirdi yerkin ha'm ashi'q tu'rde izbe-izlik penen tarmaqlawg'a u'yretedi.

Bul usi'l belgili bir temani' teren' u'yreniwden aldi'n woqi'wshi'lardi'n' pikirlew iskerligin jedellestiriw ha'm ken'eytiw ushi'n xi'zmet yetiwi mu'mkin. Sonday-aq, wo'tilgen temani' bekkemlew, jaqsi' wo'zlestiriw, uli'wmalasti'ri'w ha'm de woqi'wshi'lardi'n' usi' tema boyi'nsha tu'siniklerin si'zi'w arqali' ko'rsetip beriwge shaqi'radi'.

Bul woqi'wshi'larg'a wo'z bilimlerin, tu'siniklerin ha'm yelesletiwlerinin' da'rejesin ani'qlawg'a ja'rdem beredi.

Pikirlerdi tarmaqlaw to'mendegishe sho'lkemlestiriledi:

1. Yadi'na kelgen ha'm qanday pikir izbe-iz jazi'ladi'.

2. Pikirler tamam bolg'ansha jazi'wdi' dawam yetiw kerek, yeger pikirler tamam bolsa, jan'a pikir kelgenshe su'wret si'zi'p turi'n'.

3. İlaji' bari'nsha pikirlerdin' izbe-izligi ha'm wo'z-ara baylani'sli'li'g'i'n ko'beytiwge umti'li'n'.

Usi’ usi’l jeke, kishi topar, ja’ma’a’t penen islewde qollani’li’wi’ mu’mkin. Toparda qollani’li’wi’ toparlar pikirin toplaw ha’m wolardi’ bir sistemadag’i’ quri’lmag’a keltiriwi mu’mkin.

1. Bilim beriwshilik: a) Woqi’wshi’larg’a Berdaq “arg’abay uli’ni’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi haqqi’nda teoriyali’q ha’m a’meliy tu’sinikler beriw; b) Shayi’r shi’g’armalari’ tuwrali’ bilimge iye boli’w.

2. Ta’rbiyali’q a’hmiyeti: 1) Woqi’wshi’lardi’ a’dep-ikramli’li’qqa, woqi’w ha’m ilim-bilim iyelewge ta’rbiyalaw;

2) Milliy qa’diriyaatlari’mi’zdi’ qa’sterlewge, watandi’, yel-xali’qti’ su’yiwge ta’rbiyalaw.

3. Rawajlandi’ri’w: a) Shayi’r shi’g’armalari’ tiykari’nda woqi’wshi’lardi’n’ woy-pikirin rawajlandi’ri’w; b) Berdaq shi’g’armalari’ haqqi’nda tu’sinigin rawajlandi’ri’w, ilimiy ko’z-qarasi’n ku’sheytiw.

―Ku’tiletug’i’n na’tiyje: a) XIX a’sir qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ haqqi’nda, wolardi’n’ shi’g’armalari’ tuwrali’ tu’sinikke iye boladi’; b) Ko’rkem shi’g’armag’a Yerkin pikir bildiriw qa’bileti qa’liplesedi.

Ko’rgizbe qurallar: Sabaqli’q, ilimiy kitaplar, shayi’rdi’n’ qosi’qlar toplami’, shayi’rdi’n’ portreti, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ kartasi’, plakat, market, kespe qag’az t.b.

Sabaq bari’si’:

Sho’lkemlestiriw: (2 min). Woqi’wshi’lar Berdaq G’arg’abay uli’ni’n’ wo’miri ha’m shi’g’armalari’ boyi’nsha baslawi’sh klaslardan baslap-aq tu’sinikke iye. Wolardi’n’ shayi’r haqqi’ndag’i’ bilimlerin yadlari’na tu’siriw maqsetinde soraw taslanadi’.

Taqtag’a ku’nnin’ su’wreti sali’ni’p, wonnan nur shashi’wi’ kerek. Nur woqi’wshi’lardi’n’ ja’rdeminde shashi’ladi’.




Taza tema: (10 min). Mug’allim sabaqli’qtan ha’m Verdaq shayi’r do’retiwshiligi boyi’nsha jazi’lg’an ali’mlardi’n’ ilimiy izertlewlerinen paydalang’an halda, ken’ ha’m ani’q yetip, shayi’rdi’n’ wo’miri, shi’g’armalari’ tuwrali’ toli’q tu’sinik Bere biliwi kerek. Buni’n’ ushi’n mug’allim teren’ teoriyali’q bilimge ha’m shayi’r shi’g’armalari’ boyi’nsha ken’ mag’li’wmatqa iye boli’wi’ tiyis. Sonli’qtan da mug’allimnen temani’ tu’sindiriwde ka’siplik bilimi, pedagogikali’q, metodikali’q sheberligi talap yetiledi.

Bekkemlew: (10 min). Woqi’wshi’lar 5 toparg’a bo’linedi. 1-topar yekinshi toparg’a soraw beredi. 3-topar «Baqlawshi’» boladi’. 2-topar u’shinshi toparg’a soraw beredi. 1-topar «Baqlawshi’» boladi’. Usi’ tiykarda soraw-juwap wo’tkeriledi. Pikirlerdin’ toli’q ha’m toli’q yemesligi «Baqlawshi’lar» ta’repinen baqlani’p, pikirleri ti’n’lanadi’ ha’m juwmaq shi’g’ari’ladi’.

Wo’z betinshe jumi’s (10 min). Taqtada qatti’ qag’azdan qi’yi’p islengen 12 aydi’n’ ati’ jazi’lg’an to’rt mu’yeshli qag’azlar turadi’. Mi’sali’:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| yanvar | fevral | Mart | aprel | may |
| Iyun | iyul | Avgust | sentyabr | |
| oktyabr | noyabr | Dekabr | | |

Mug’allim «Yanvar» ayi’nda qaysi’ woqi’wshi’lar tuwi’lg’ani’n soraydi’. Woqi’wshi’lar qol ko’teredi. Tuwi’lg’an ku’ni bar woqi’wshi’ni’ shi’g’ari’p «Yanvar» ayi’ dep jazi’lg’an qag’azdi’ aladi’ ha’m artqi’ betine jazi’lg’an sorawdi’ woqi’ydi’. Tapsi’rma usi’ taqi’lette dawam yettirilip, topar woqi’wshi’lari’ni’n’ qaysi’si’ birinshi juwap berse, sol woqi’wshi’g’a «Qi’zi’l» kartoshka beriledi.

Sorawlar:

1. Berdaq “arg’abay uli’ qashan, qay jerde tuwi’lg’an?

2. Berdaq jasi’nda qanday bala bolg’an, qay jerlerde sawat ashqan?

3. Berdaqti’n’ wo’miri haqqi’nda mag’li’wmatti’ qaysi’ qosi’qlari’nan bilip ali’wg’a boladi’?

4. Shayi’rdi’n’ qaysi’ qosi’g’i’nda ilim-bilim izlew, woni’n’ adamdi’ baxi’tqa yeristiretug’i’ni’ haqqi’nda ayti’ladi’?

5. Shayi’r du’nyani’n’ qaysi’ belgili dani’shpanlari’, shayi’rlari’ menen tani’s bolg’an?

6. Shayi’r shayi’rli’q penen birge ja’ne qanday talantqa iye bolg’an?

7. Berdaqti’n’ joli’n quwg’an qi’zi’ni’n’ ati’ kim?

8. Berdaqti’n’ duwtari’ qaysi’ baqsi’g’a miyras yetip qaldi’ri’lg’an?

9. Berdaq qashan ha’m neshe jasta qayti’s bolg’an? Woni’n’ shi’g’armalari’n ji’ynaw ha’m xali’qqa jetkiziw boyi’nsha juwmi’s islegen ali’mlar?

10. Berdaq haqqi’nda Wo’tesh shayi’r qanday qosi’q jazg’an?

11. Berdaq shi’g’armalari’ni’n’ yen’ basli’ bag’dari’ ne?

12. Ju’zim sarg’aydi’ qapadan,

Wo’mirim qorlandi’ japadan,

Jan’i’ldi’m neg’i’p tobadan,

Ne bolari’mdi’ bilmedim.

Shayi’rdi’n’ qaysi’ qosi’g’i’nan?

Wo’z betinshe jumi’s (10 min). Mug’allim «Berdaq» ati’ menen krossvord du’zedi ha’m woni’n’ sheshimin woqi’wshi’lar tabi’wi’ tiyis.

| | | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | 1 | B | İ | Y | B | İ | X | A | N |
| | | | | 2 | O’ | T | E | Sh | | | | | | |
| | | | | 3 | F | E | R | D | A | W | S | İ | Y | |
| | | | 4 | B | E | R | D | İ | M | U | R | A | T | |
| 5 | H | U’ | R | L | İ | M | A | N | | | | | | |
| | | | | | | 6 | Q | A | R | A | J | A | N | |

1. Berdaqti’n’ birinshi hayali’ni’n’ ati’?

2. Berdaq shayi’rdi’n’ zamanlasi’?

3. Berdaq wo’zine ustaz dep bilgen, woni’n’ shi’g’armalari’ menen teren’nen tani’s bolg’an dani’shpan?

4. Berdaqti’n’ shi’n ati’ kim?

5. Berdaqti’n’ baqsi’ qi’zi’?

6. Berdaqti’n’ duwtari’ miyras yetip qaldi’ri’lg’an baqsi’?

U’yge tapsi’rma ha’m juwmaqlaw (3 min).

Yeskertiw: Ha’r bir tapsi’rma juwmaqlang’annan keyin, mug’allim topar woqi’wshi’lari’n, wolarda belsendi qatnasqan, sorawlarg’a duri’s juwap Bergen woqi’wshi’lardi’ balla menen bahalap bari’wi’ tiyis.

## BERDAQTIN’ TARİYXIY ShIG’ARMALARI

Sabaq tu’ri: Awi’zeki woqi’ti’w.

Sabaqti’n’ metodi’: Mashqalali’ woqi’ti’w.

Sabaqti’n’ maqseti:

1. Bilim beriwshilik: Tariyxi’y shi’g’armalar arqali’ watani’mi’zdi’n’ tariyxi’n ha’m yeldin’ ar-nami’si’ ushi’n gu’resken bati’rlar haqqi’nda bilim beriw.

2. Ta’rbiyali’q a’hmiyeti: Woqi’wshi’larg’a bilim beriw menen birge, a’dep-ikramli’li’qqa, watandi’ su’yiwshilikke ta’rbiyalaw.

3. Rawajlandi’ri’w: Woqi’wshi’larda Yerkin pikirlewdi ha’m tariyxi’y shi’g’armalardi’ duri’s talqi’law ko’nlikpesin rawajlandi’ri’w.

―Ku’tiletug’i’n na’tiyje: a) Tariyxi’y shi’g’armalar arqali’ watandi’ qa’dirlew, insaniyli’q sezimlerge ta’rbiyalaw; b) Woqi’wshi’lar arasi’nda dosli’q, bir-birine ja’rdem beriw ku’sheyedi, bilim ali’wg’a umti’li’wshi’li’q, talapshan’li’q, izleniwshilik artadi’.

Ko’rgizbe qurallar: Sabaqli’q, shayi’rdi’n’ qosi’qlar toplami’, shayi’rdi’n’ su’wreti, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ kartasi’, «Amangeldi», «Ernazar biy» shi’g’armalari’na arnap si’zi’lg’an su’wretler, plakat, ren’li qag’azlar, kespe qag’azlar, marker t.b.

Sabaq bari’si’:

Sho’lkemlestiriw: (2 min).

U’y tapsi’rmasi’n soraw (10 min). U’yge berilgen tapsi’rma Berdaq “arg’abay uli’ni’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi. U’yge tapsi’rma woqi’wshi’lardi’n’ yadi’na tu’sirilip, wolardi’n’ sabaqqa tayarli’g’i’n tekseriw ushi’n temag’a qi’sqasha sholi’w jasaladi’.

Woqi’wshi’lardi’n’ temani’ ayti’wi’na, qosi’qlari’nan u’lgiler ayti’wi’na, qosi’msha sorawlarg’a juwap beriwine qarap tiysli ball qoyi’ladi’.

Taza tema: (13 min). Mug’allim shayi’rdi’n’ tariyxi’y shi’g’armalari’ni’n’ atlari’n, shi’g’armada so’z yetilgen waqi’yalar, neshinshi ji’llari’ bolg’ani’n, qaharmanlardi’, wolardi’n’ bati’rli’g’i’n, shi’g’armalari’ni’n’ qosi’q qatarlari’nan mi’sallar keltirip ayti’p wo’tedi. Shi’g’armag’a baylani’sli’ planshet, kitap ha’m ko’rgizbe qurallar woqi’wshi’larg’a ko’rsetiledi.

Berdaq shayi’rdi’n’ qaraqalpaq a’debiyati’n biyik shi’n’g’a ko’tergenin, lirikali’q qosi’qlar jazi’w menen birge, xali’q tariyxi’ menen bekkem baylani’sqan da’stanlar ha’m yel shejiresin jazi’p qaldi’rg’ani’ ayti’ladi’.

Bekkemlew: (10 min). Woqi’wshi’lar 5-6 toparg’a bo’lip woti’rg’i’zi’ladi’. Mug’allim taza temani’ bekkemlew ushi’n bir neshe shi’ni’g’i’wlar sho’lkemlestiredi. Shi’ni’g’i’wdi’n’ sha’rti to’mendegishe. Taqtag’a Berdaqti’n’ «Amangeldi», «Ernazar biy», «Aydos biy», «Shejire» shi’g’armalari’ni’n’ ati’ gu’ldin’ arasi’na jazi’p qi’sti’ri’ladi’.

Aydos biy | Shejire | Yernazar biy | Amangeldi

Gu’ldin’ japi’raqlari’na usi’ shi’g’armalarg’a baylani’sli’ mag’li’wmatlar jazi’lg’an. Taqtag’a 2 toparlardan woqi’wshi’lar gezekpe-gezek shi’g’i’p, stol u’stinde shashi’li’p jati’rg’an gu’l japi’raqlari’nan aladi’. Jazi’lg’an

mag'li'wmatlar qaysi' shi'g'armag'a tiyisli bolsa, sol gu'lge apari'p qi'sti'ri'ladi'. Qaysi' woqi'wshi' duri's, tez, gu'l soqsa wog'an «Xoshamet» kartoshkasi' beriledi. Woyi'n arqali' woqi'wshi'lar taza temani' tez wo'zlestirip ali'wg'a, woni' bekkemlewge yerisedi.






«Na'tiyjeli baylani's» shi'g'i'wi' (8 min) sho'lkemlestiriledi. Bunda woqi'wshi'lar 3 qatarg'a bo'linedi ha'm do'n'gelek tu'rde yemes, al, partada uzi'ni'na, qatarma-qatar woti'radi'.

Mi'sali':




U'sh qatardag'i' yen' keyingi partada woti'rg'an woqi'wshi'g'a, mug'allim «Amangeldi», «Shejire», «Aydos biy» shi'g'armalari'nan ko'rinis si'zi'lg'an

su'wretti beredi. Woqi'wshi' berilgen su'wretti tani'si'p bolg'annan son', qoli'nan mug'allim su'wretti ali'p qoyadi'. Solay yetip, artqi' partada woti'rg'an woqi'wshi' aldi'n'g'i' woqi'wshi'g'a ta'riyplep tu'sindiredi, wol ti'n'lap boli'p, aldi'ng'i' woqi'wshi'g'a tu'sindiredi. Usi' ta'rtipte birine-biri ayti'p, yen' aldi'ng'i' partada woti'rg'an woqi'wshi' taqtag'a yesitken ko'rinisin si'zadi'. Bunda ko'rinis woqi'wshi'lardi'n' yadi'nda qanshelli da'rejede qalg'anli'g'i' birinshi, son'g'i' yesitken woqi'wshi' arqali' ma'lim boladi'. Qaysi' topar ko'rinisti toli'q saqlap jetkergenligi ani'qlani'p, bahalanadi'. (Bul shi'ni'g'i'wda shi'g'armadan u'zindi tekstler berilse de boladi'. Bunday jag'dayda aldi'ng'i' partadag'i' son'g'i' woqi'wshi' tekst mazmuni'n so'ylep beredi).

U'yge tapsi'rma (2 min).

Qaharmanli'q wobraz - uli'wma ko'rkem wobrazdi'n' bir tu'ri. Ha'r qanday ko'rkem wobraz wo'zinin' ideyali'q maqsetine qaray estetikali'q belgilerine iye boladi'. Mi'sali', ko'rkem wobrazlar unamli' ha'm unamsi'z, ko'terin'ki yamasa jerkenishli sezimler tiykari'nda jarati'ladi'. Soni'n' ushi'n ko'rkem wobrazdi'n' estetikali'q qa'siyetlerine, belgilerine toqtap wo'tken maqul boladi'.

## Ko'rkem wobraz ha'm woni'n' estetikali'q tiykarlari'.

Ha'r qanday ko'rkem wobraz wo'zinin' estetikali'q qa'siyetlerine, belgilerine iye boladi'. Ko'rkem wobrazdi'n' estetikali'q qa'siyetlerin ashi'w ushi'n **estetika** tu'sinigine tallaw jasaw kerek.

**Estetika** atamasi' a'yyemgi grek tilinen ali'ng'an boli'p, so'zlik ma'nisi boyi'nsha **sezim, tuyg'i'** degendi an'latadi'. Terminologiyali'q ma'nisi boyi'nsha estetika ja'miyettegi ha'm ta'biyattag'i' qubi'li'slardi', uli'wma

si’rtqi’ du’nьyani’ go’zzalli’q, ko’rkemlik ni’zamlari’ boyi’nsha u’yrenetug’i’n ilim. Estetika soni’n’ ishinde ko’rkem shi’g’armalardi’ da go’zzalli’q, suli’wli’q, ko’rkemlik, uli’wma estetikali’q ko’zqaraslardan u’yrenedi. Ko’rkem shi’g’armalardi’ estetikali’q ko’zqaraslardan u’yreniw a’yyemgi da’wirlerde-aq baslang’an. Mi’sali’, b.e.sh. antik Gretsiya фilosoфi’ Aristotelь wo’zinin’ «Poetika» degen kitabi’nda ko’rkem shi’g’armalardi’ XIX a’sirde rus a’debiyatshi’-ilimpazlari’ V.G.Belinskiy (qiqr-qiri), N.G.Cherni’shevskiy (qiwi-qiio) wo’z miynetlerinde adamni’n’ si’rtqi’ wortali’qqa estetikali’q qatnaslari’ tuwrali’ bahali’ woy-pikirler jazi’p qaldi’rdi’. Mi’sali’ N.G.Cherni’shevskiy «Si’rtqi’ wortali’qqa estetikali’q qatnaslar», «Ko’terin’kilik ha’m komediyali’q», V.G.Belinskiy «A.S.Pushkinnin’ shi’g’armalari’», «Poeziyani’n’ tu’rlerge bo’liniwi» degen miynetlerinde adamni’n’ si’rtqi’ du’nьyag’a estetikali’q qatnaslari’ na’tiyjesinde payda bolatug’i’n estetikali’q sezimler~ ko’terin’ki, go’zzal sezimler tuwrali’, sonday-aq jerkenishli, tu’n’iliw yaki ku’lki sezimleri tuwrali’ teren’ woy-pikirler bildiredi. Bul miynetlerde ko’rkem so’z ustalari’ni’n’ qalayi’nsha estetikali’q sezimlerdi men’gerip, solar arqali’ si’rtqi’ wortali’qqa` ja’miyetke, wondag’i’ qubi’li’slarg’a wo’zlerinin’ qatnaslari’n, ko’zqaraslari’n, basqasha aytqanda wo’zlerinin’ ideyalari’n beriwi tuwrali’ ken’ tu’rde so’z yetiledi. Usi’nday filosof-ali’mlardi’n’ ko’rkem estetikali’q pikirleri tiykari’nda ko’rkem shi’g’arma ha’m wondag’i’ ko’rkem wobrazlar haqqi’nda uli’wmalasqan pikirler, ani’qlamalar ju’zege keledi.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ woy-pikirler, ideyalar, ko’teriletug’i’n ma’seleler-ha’mmesi ko’rkem фorma arqali’, yag’ni’y ko’rkem wobrazlar arqali’ beriledi. Usi’ ko’rkem wobrazlarg’a shi’g’arma avtori’ni’n’ woy-pikirleri turmi’sqa bolg’an ko’zqaraslari’ sin’diriledi. Yeger avtordi’n’ aytajaq woy-pikirleri ko’rkem wobrazlar arqali’ berilmese, wonda wolar woy-pikirlerdin’

qurg’aq mag’li’wmatnamasi’, waqi’yalardi’n’ qurg’aq bayanlamasi’ boli’p qaladi’, ko’rkem shi’g’arma da’rejesine ko’terilmeydi.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ yen’ basli’ sha’rti - bul ko’rkem wobraz jarati’w boli’p yesaplanadi’.

Ha’r qanday ko’rkem wobraz estetikali’q sezimler tiykari’nda jasaladi’. Yeger de wobraz adamda (oqi’wshi’da, ti’n’lawshi’da, ko’riwshide) estetikali’q zawi’q woyatpasa, wonda woni’ ko’rkem wobraz qatari’na jatqari’wg’a bolmaydi’. Basqasha aytqanda ko’rkem wobraz adamda su’ysiniw yamasa tu’n’iliw, ko’terin’ki yamasa jerkenishli sezimlerdi, mun’-sher yamasa ku’lki sezimlerin woyati’wi’ kerek. Adamda usi’nday sezimlerdi woyatsa g’ana jazi’wshi’ yaki shayi’r do’retken wobraz haqi’yqi’y ko’rkem wobraz da’rejesine ko’terile aladi’. Ma’selen, shi’g’armada su’wretlenip ati’rg’an waqi’yalar yaki personajlardi’n’ is-ha’reketleri woqi’wshi’da estetikali’q sezimler woyata almasa, ba’ri bir wolar ko’rkem wobraz bola almaydi’. Mi’sali’, XIX a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ Yernazar biy basshi’li’g’i’ndag’i’ xali’q azatli’q gu’resi tariyxi’y shi’g’armalarda toli’q bayanlang’an. Tariyxshi’-ali’m S.Kamalovti’n’ «XVIII-XIX a’sirlerdegi qaraqalpaqlar» (qoyi) degen ilimiy miynetinde ko’terilistin’ baslani’w sebepleri ko’plegen ruwxi’y tiykarlari’, jen’iliw sebepleri ko’plegen mag’li’wmatlar, da’rekler tiykari’nda toli’q bayanlanadi’. Wonda ko’terilistin’ bari’si’, aqi’betleri фaktlar tiykari’nda toli’q bayanlanadi’. Al, usi’ waqi’ya Berdaqti’n’ «Ernazar biy» poemasi’nda pu’tkilley basqasha beriledi. Wonda фaktlarg’a, mag’li’wmatlarg’a, da’reklerge qarag’anda ko’rkem woy-pikir, yag’ni’y tariyxqa estetikali’q qatnas jasaw basi’m ko’rinedi. Shi’g’armada waqi’yalar tariyxi’y da’rekler tiykari’nda beriledi, biraq wolar ko’rkem su’wretlewler, boyawlar, wobrazlar arqali’ sa’wlelenedi.

Estetika ko’rkem – emotsional sezimlerdi uqsas tiplerge ja’mlep, ha’r qi’yli’ estetikali’q kategoriyalarg’a bo’ledi. Si’rtqi’ du’nьyag’a, si’rtqi’ wortali’qqa, turmi’sqa, waqi’yalarg’a, adamlarg’a estetikali’q (ko’rkem-emotsionalь) qatnas jasawdi’n’ na’tiyjesinde suli’w, su’ykimli jag’i’mli’, ju’rekti go’zzalli’qqa toli’qti’ratug’i’n sezimler payda boladi’. Bunday sezimlerdin’ ji’yi’ndi’si’na estetikada **go’zzalli’q kategoriyasi’ (ni’zami’)** dep ataydi’. Go’zzalli’q ni’zami’ tiykari’nda jarati’lg’an ko’rkem wobraz adamda su’ysiniw, unati’w, suli’w sezimlerdi woyatadi’. Mi’sali’, A’jiniyazdi’n’ sadi’q, hadal muhabbat iyesi bolg’an lirikali’q qaharmani’ni’n’ wobrazi’ kewilde go’zzal sezimler woyatadi’. Al,epikali’q shi’g’armalarda qaharmanlardi’n’ insani’yli’q, watan su’yiwshilik is-ha’reketleri, xarakterleri adamda su’yiwshilik, go’zzalli’q sezimlerin woyatadi’. Mi’sali’, Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» da’stani’nda Gu’lim wo’z atasi’na mehriban, qayi’rqom, wo’z basi’ni’n’ yerkinligi, hu’jdani’ni’n’ tazali’g’i’ ushi’n qori’qpastan gu’resedi. Woni’n’ is-ha’reketleri woqi’wshi’da su’ysiniw sezimlerin woyatadi’. Demek, Gu’lim wobrazi’ ha’m sog’an usag’an wobrazlar go’zzalli’q ni’zamlari’ tiykari’nda jarati’lg’an boli’p yesaplanadi’.

Soni’n’ menen birge ayi’ri’m shi’g’armalardi’ woqi’g’anda ko’terin’ki, tolqi’nlani’w, su’ysiniw, maqtani’sh sezimlerin keshiriw mu’mkin. Bunday estetikali’q sezimlerdi **ko’terin’kilik kategoriyasi’ (ni’zami’)** dep ataydi’. Mi’sali’, A’jiniyazdi’n’ «Ellerim bardi’», «Bardur» usag’an maqtaw-ta’riyip qosi’qlari’, ma’mleketlik gimnler ko’terin’kilik ni’zamlari’ tiykari’nda jazi’ladi’. Wolarda shayi’r wo’z yelin, xalqi’n, Watani’n, jer-suwi’n ko’terin’ki ha’m tolqi’nlani’w, u’lken maqtani’sh sezimleri menen ji’rlaydi’. Gez kelgen waqi’ya yamasa ja’miyetlik qubi’li’s ko’terin’kilik ni’zamlari’ menen ji’rlana bermeydi. «Ku’ndelikli a’piwayi’ turmi’s shegarasi’na si’ymaytug’i’n u’lken ja’miyetlik

waqi'yalar, qubi'li'slar, qatardag'i' adamni'n' is-ha'reketi wo'lshemlerinen a'dewir asi'p ketetug'i'n qaharmanli'q isleri ko'rkem a'debiyatta ko'terin'ki su'wretlewdin' ni'shanasi' bola aladi'. Ko'terin'ki su'wretlewler woqi'wshi'ni' tolqi'nlandi'ri'p, suli'w, ko'terin'ki sezimlerdi woyata aladi'».[15]

Estetikali'q sezimler qatari'nda a'hmiyetli wori'ng'a iye tu'ri-bul qayg'i'-ha'siret, mun'-sher sezimleri. Wolardi' estetikada **tragediyali'q ni'zamlari'na** jatqaradi'. Tragediya termini a'yyemgi grek a'debiyati'nda qa'liplesken boli'p, so'zlik ma'nisi boyi'nsha **yeshkinin' qosi'g'i'** (tragos-eshki, wode-qosi'q) degendi an'latadi'. Tragediyani'n' tiykari'nda kelisimge kelip bolmaytug'i'n keskin qarama-qarsi'li'qlar jatadi'. Wolar ko'rkem shi'g'armada jeke qatnasi'wshi'lar arasi'nda ko'rsetiledi, biraq u'lken ja'miyetlik mazmundi' an'latadi'. «Tragediyadag'i' konфlikt ju'da' keskin, g'a'zepli boli'w menen birge, wol barli'q waqi'tta ja'miyetlik-siyasiy rawajlani'w, adamzatti'n' aldi'n'g'i' ruwxi'y turmi'si' menen baylani'sli' halda sheshiledi. Soni'n' ushi'n da tragediyada insanni'n' sotsialli'q turmi'si'ni'n', woni'n' tariyxi'y rawajlani'wi'ni'n' a'hmiyetli ma'seleleri фilosoфiyali'q ta'rizde sheshiledi. Turmi'stag'i' mayda-shu'yde waqi'ya-ha'diyseler, jergilikli yaki jeke ma'pke tiyisli kolliziyalar tragediya ushi'n tiykar bola almaydi'».[16]

A'debiyattani'wda **tragediyali'q** penen **tragediya** terminleri bar dep tu'sinilmeydi, wolar aji'rati'ladi'. A'debiyattani'wda tragediya-degende aqi'beti, worni' tolmaytug'i'n jog'alti'wlar menen tamamlanatug'i'n, tragediyali'q woy-sezimlerge toli' dramaturgiyali'q shi'g'armalar topari'na aytami'z, yag'ni'y tutas bir a'debiy janrdi' tu'sinemiz. Wol a'debiyatti'n' tek dramaturgiya tu'rine

[15] Axmetov S., Esenov J., Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'w atamalari'ni'n' ori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, «Bilim», 1994, 40 -bet.
[16] Hatamov N., Sarimsoqov B. Adabietshunoslik terminlarining ruscha-wzbekcha izohli lug'ati. Toshkent, «Wqituvchi», 1970, 315 -bet.

tiyisli janr. Wol tragediyali'q degende barli'q janrlardag'i' shi'g'armalarda (roman, povest, poema, lirika h.t.b.) ushi'rasatug'i'n qayg'i'li' wori'nlardi', a'debiy termin menen aytqanda **tragediyali'q paфosti'** tu'sinemiz. mi'sali', berdaqti'n' «Amangeldi», «Aydos baba», «Ernazar biy» poemalari'nda qaharmanlardi'n' turmi'si'na, ta'g'dirine baylani'sli' qayg'i'li' wori'nlar bar. Wolar shi'g'armadag'i' tragediyali'q paфos boli'p yesaplanadi'. Al baspa so'zde 1990-ji'llari' jari'q ko'rgen To'resh Allanazarovti'n' «Aydos baba», To'lepbergen Qayi'pbergenovti'n' «Aydos baba» (Mi'n' tillag'a bahalang'an gelle), Ayladur Wo'ta'lievtin' «Ernazar alako'z» dramali'q shi'g'armalari' **tragediyalar** boli'p yesaplanadi'. Wolar dramaturgiyani'n' tragediya janri'na tiyisli shi'g'armalar. Soni'n' ushi'n da bunday shi'g'armalardi'n' topari'n trageidya dep ataydi'.

Estetikada **qaharmanli'q kategoriyasi' (ni'zami')** degen tu'sinik bar. Turmi'sta yaki ko'rkem shi'g'armada qanday da tariyxi'y adamni'n' yamasa bas qaharmanni'n' joqari' maqsetler joli'nda atqarg'aan iygilikli is-ha'reketleri, a'ddettegiden ti'sqari' isleri su'ysiniwshilik ha'm go'zzal sezimler woyatadi'. «Qaharmanli'q jeke adamni'n', adamlar topari'ni'n', ja'miyetlik qatlamni'n', pu'tkil ja'miyettin' ku'ndelikli turmi's shegaralari'nan shi'g'i'p ketetug'i'n bati'rli'q is-ha'reketlerin sa'wlelendiretug'i'n estetikali'q kategoriya. Biraq bul bati'rli'q is-ha'reketler belgili bir xali'qli'q, ja'miyetlik wazi'ypalar, adamgershilik talaplar za'ru'rliginen kelip shi'g'i'p iske asi'ri'lsa g'ana qaharmanli'q qa'siyetlerge iye boladi'. Ha'r qanday bati'rli'q, da'wju'reklilik, adamgershilik qa'siyetler tiykari'nda iske asi'ri'lmasa, wolar qaharmanli'q qa'siyetlerge iye bola almaydi'. Aytayi'q, qaraqshi'lar, ti'ni'sh yeldi tonawshi' baspashi'lar hayran qalarli'q bati'rli'q ko'rsetiwi mu'mkin, biraq wolardi'n' bati'rli'q is-ha'reketleri adamgershilik wo'lshemlerge qayshi' keledi, sonli'qtan

wolardi' qaharmanlar dep, al wolardi'n' is-ha'reketlerin qaharmanli'q dep bahalawg'a bolmaydi'».[17] Mi'sali', xali'q qaharmanli'q da'stanlari' «Qi'ri'q qi'z»dag'i' Gu'layi'm, Sa'rbinaz, Ari'slanni'n', «Alpami's»tag'i' Alpami'sti'n', «Qoblan»dag'i' Qoblanni'n' is-ha'reketleri, ko'rsetken bati'rli'q isleri jaqsi' niyetlerge, iygilikli maqsetlerge qarati'lg'an. Wolar wo'z xalqi', yeli ushi'n, wolardi'n' g'a'rezsizligi, yerkinligi, ar-nami'si' ushi'n ayanbastan, pida'kerlik penen gu'resedi. Sonli'qtan da wolardi'n' ko'rsetken bati'rli'q isleri qaharmanli'q is-ha'reketler dep bahalanadi', wolardi'n' wobrazlari' qaharmanli'q wobrazlar dep ataladi'. Berdaqti'n' «Amangeldi», «Ernazar biy» poemalari'nda da usi' ati' atalg'an bati'rlar xali'q nami'si' ushi'n, xali'q yerkinligi ushi'n pida'kerlik penen gu'resedi, Asan biy, Yernazar biyler ha'tteki usi' iygilikli ha'm joqari' maqsetler joli'nda wo'z janlari'n qurban yetedi. Bul wobrazlar qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i' haqi'yqi'y qaharmanli'q wobrazlar boli'p tabi'ladi'.

Ko'rkem shi'g'armada su'wretlengen yamasa ji'rlang'an qaharmanli'q isler, qaharmanli'q wobrazlar woqi'wshi'da (ti'n'lawshi'da yaki ko'riwshi tamashago'yde) su'ysiniw, unati'w usag'an ji'lli' ha'm suli'w sezimlerdi woyatadi'. Usi' jag'i'nan qaharmanli'q wobrazlar estetikani'n' go'zzalli'q ni'zamlari' talaplari'na da juwap bere aladi'. Mi'sali', Asan biy, Amangeldi, Yernazar biy, Gu'layi'm, Sa'rbinaz wobrazlari' qaharmanli'q wobrazlar, soni'n' menen birge wolar unamli', go'zzal sezimler de woyata aladi'. Biraq go'zzal, suli'w sezimlerdin' barli'g'i' qaharmanli'q kategoriyasi'na kire bermeydi. Mi'sali', ju'rekte miyrim-sha'pa'a't, jaqsi'li'q, muhabbat sezimlerin, watandi', xali'qti' maqtani'sh yetetug'i'n sezimlerdi woyatatug'i'n shi'g'armalardi' yaki

[17] Axmetov S., Esenov J., Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'w atamalari'ni'n' obi'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'kis, 1994, 53-54 -betleb.

wobrazdi’ go’zzalli’q kategoriyasi’na jatadi’, biraq wolar qaharmanli’q wobrazg’a tiykar bola almaydi’. Aytayi’q, A’jiniyazdi’n’ «Bir janan», «Go’zzallar», «Bir pa’riy», «Bozatawli’ na’zelim» qosi’qlari’nda muhabbat sezimleri beriledi ha’m sol tiykarda lirikali’q qaharmanni’n’ go’zzal wobrazi’ jarati’ladi’, biraq wol qaharmanli’q wobraz bola almaydi’. Al, Berdaqti’n’ «Amangeldi» poemasi’ndag’i’ Asan biy, Amangeldi bati’rlardi’n’ is-ha’reketleri a’piwayi’ adamlardi’n’ is-ha’reketlerinin’ shegarasi’na si’ymaytug’i’n, wolardan anag’urli’m asi’p tu’setug’i’n is-ha’reketlerdi, yag’ni’y bati’rli’q islerdi atqaradi’. Soni’n’ ushi’n da wolardi’n’ wobrazlari’ qaharmanli’q wobrazlar boli’p yesaplanadi’.

Estetikada **komediyali’q kategoriyasi’** degen tu’sinikte qollani’ladi’. Bul termin wo’zlik ma’nisi boyi’nsha a’yyemgi grek tilindegi **komos** – kewilli alaman, topli’m, **wode** – qosi’q degendi an’latadi’. Komediyali’q kategoriya si’rtqi’ wortali’qti’ komediyali’q usi’lda sa’wlelendiriwdin’ bir фormasi’, yag’ni’y si’rtqi’ wortali’qqa, su’wretlenetug’i’n wobъektke ideyali’q-emotsionalli’q qatnas jasawdi’n’ bir tu’ri. Komediyali’q usi’l menen wobraz jaratqanda ja’miyettegi qubi’li’slardi’n’, waqi’yalardi’n’ yamasa adamni’n’ minez-qulqi’ndag’i’, ju’ris-turi’si’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlar, yersilikler, u’ylesiksiz jag’daylar tiykar yetip ali’nadi’. Komediyali’q wobrazlar ashi’w-i’za, g’a’zep-qa’ha’r sezimlerin yamasa ashshi’, mi’sqi’lli’ (ironiyali’q) ku’lki sezimlerin, sonday-aq ha’zil-da’lkek (yumor) sezimlerin woyatadi’. Mi’sali’, Ku’nxojani’n’ «Tu’ye yekensen’», «So’k sanar», Berdaqti’n’ «Ka’lan usta», Wo’teshtin’ «Nuratdin», «Qari’z alma» qosi’qlari’nda ja’miyetlik kemshilikler, illetler qaralanadi’, ayi’ri’m adamlardi’n’ yersi yamasa xali’q ideali’na qarsi’ minez-quli’qlari’ a’shkara yetiledi.

Joqari’da atap wo’tilgen estetikali’q ni’zamlar (kategoriyalar) tiykari’nda ko’rkem a’debiyatta ha’r qi’yli’ wobrazlar jarati’ladi’. Mi’sali’, tragediyali’q wobrazlar, qaharmanli’q wobrazlar, komediyali’q wobrazlar, soni’n’ ishinde satirali’q ha’m yumorli’q wobrazlar. Demek, bul wobrazlardi’n’ ha’mmesi jazi’wshi’ni’n’ (shayi’rdi’n’) si’rtqi’ wortali’qqa, uli’wma si’rtqi’ du’nьyag’a, ja’miyetke, turmi’sqa, jeke adamg’a, ta’biyatqa ha’m woni’n’ ko’rinislerine, qubi’li’slari’na estetikani’n’ jantasi’w arqali’, wolardi’ estetikali’q sezimler ha’m ko’zqaraslar menen tani’w arqali’ jarati’ladi’. Ko’rkem a’debiyatta yamasa uli’wma ko’rkem wo’nerde estetikali’q ni’zamlar tiykari’nda jasalg’an wobrazlar woqi’wshi’da, ti’n’lawshi’da, ko’riwshide estetikali’q sezimler woyata aladi’. Mi’sali’, qayg’i’-ha’siret, mun’-sher, unamli’, suli’w, ko’terin’ki yamasa ku’lki, ha’zil-da’lkek sezimleri ko’rkem wo’ner yamasa ko’rkem a’debiyat shi’g’armasi’ menen tani’si’wdi’n’ bari’si’nda payda boladi’.

## III Bap. BERDAQTİ’N’ «AYDOS BİY», «ERNAZAR BİY», «AMANGELDİ» DA’STANLARİ’N WOQİ’Tİ’WDA YEN’ ALDİ’NG’İ’ PEDAGOGIKALİ’Q TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANİ’W USİ’LLARİ’ HAQQİ’NDA

Sabaq tu’ri: Birlesken sabaq.

Sabaqti’n’ metodi’: Kishi toparlarda islew.

Sabaqti’n’ maqseti:

1. Bilim beriwshilik: Woqi’wshi’larg’a Berdaqti’n’ tariyxi’y temada jazg’an shi’g’armalari’ haqqi’nda teoriyali’q ha’m a’meliy tu’sinikler beriw.

2. Ta’rbiyali’q a’hmiyeti: a) Woqi’wshi’lardi’ watan su’yiwshilik ruwxi’nda ha’m milliy qa’diriyatlari’mi’zg’a sadi’qli’q ruwxi’nda ta’rbiyalaw; b) Woqi’wshi’lardi’ bati’rli’qqa ha’m ma’rtlikke, wo’z watani’na bolg’an su’yispenshilik sezimdi ta’rbiyalaw.

3. Rawajlandi’ri’w: ―Oqi’wshi’lardi’n’ sanasi’n, woy-pikirin rawajlandi’ri’w arqali’, Berdaqti’n’ tariyxi’y shi’g’armalari’nan duri’s juwmaq shi’g’ari’wg’a, milliy xali’q-azatli’q gu’reslerinin’ tariyxi’y a’hmiyeti boyi’nsha tu’sinigin rawajlandi’ri’w.

Ko’rgizbe qurallar: Sabaqli’q, shayi’rdi’n’ toplamlari’, ilimiy izertlewler, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ kartasi’, quti’shi’lar, plakatlar, kespe qag’azlar t.b.

Sabaq bari’si’:

Sho’lkemlestiriw: (5 min). Mug’allim klass woqi’wshi’lari’n 5 toparg’a bo’ledi. Sonday-aq, mug’allim wo’zi u’yde sog’i’p kelgen quti’shani’ qoyadi’, woni’n’ u’stine «Amangeldi», «Aydos biy», «Ernazar biy» dep jazi’lg’an boladi’. Mi’sali’:




Son’i’nan mug’allim woqi’wshi’lardi’n’ di’qqati’n wo’zine qarati’p, bar i’qlasi’ menen sabaqti’ tu’sindiredi.

Taza tema: (13 min). Yeger mug’allim Amangeldi bati’rdi’n’, Aydos biy ha’m Yernazar biydin’ su’wretlerin plakatqa islep, taqtag’a qi’sti’ri’p qoysa, maqsetke muwapi’q boladi’. Mug’allim wo’zinin’o’ metodikali’q sheberligi menen temani’ wo’tken sabaq penen baylani’sti’ra woti’ri’p, Berdaq shayi’rdi’n’ tek g’ana lirikali’q qosi’qlar menen sheklenip qalmastan, xali’q tariyxi’nda teren’ iz qaldi’rg’an, tariyxi’y adamlar haqqi’nda da ko’lemli yepikali’q shi’g’armalar jazi’p qaldi’rg’an tariyxshi’ shayi’r yekenligin da’lillep beriwi kerek. Shayi’rdi’n’ tariyxi’y da’stanlari’ni’n’ mazmuni’n tu’sindiriwde mug’allim sabaqli’qtan ti’sqari’ to’mendegilerge itibar beriwi tiyis.

«Amangeldi» da’stani’nda ga’p yetilgen waqi’yalar tariyxi’y bolg’an waqi’yalardan ibarat. Da’standag’i’ geografiyali’q jer atlari’, adam atlari’ Qudi’yarxan, Asan, Amangeldi degen adam atlari’ shejire ha’m a’psanalarda ushi’rasadi’.

«Amangeldi» da’stani’ u’lken da’stanli’q shi’g’arma, biraq bizge toli’q kelip jetpegen. Da’standag’i’ waqi’yalar XVIII a’sirdin’ baslari’nda Qoqan xanli’g’i’na qarasli’ Miyanko’l degen jerde boladi’. Qaraqalpaqlar Qoqan xani’ni’n’ qarsi’li’g’i’na ushi’raydi’ ha’m Asan atali’q usi’ jolda qurban boladi’.

Qoqan xani'ni'n' jawi'zli'g'i'nan sharshag'an qaraqalpaqlar Qoqan xani'ni'n' qaramag'i'nan shi'g'i'p ata jurti' Tu'rkistang'a ko'shedi ha'm Jan'ada'rya boyi'nda ju'z ji'lg'a shamalas basqa xanli'qlardan g'a'rezsiz jasaydi'. Usi' da'wirlerde qaraqalpaqlar ku'shli, si'rtqi' dushpanlardan qorg'ani'wg'a uqi'pli' u'lken saylandi', a'skeriy birlespege iye boldi'. Amangeldi usi' da'wirdegi uli'wma xali'qli'q a'skeriy birlespeni basqaradi'. Da'standag'i' mag'li'wmatta Amangeldi a'skeriy sa'rkarda bolg'an. Wol Qoqan xani'nan xali'qti'n' buri'ng'i' kegin ali'p beredi. Da'stan xanli'qti'n', jawi'zli'q siyasati'n ha'm milliy qaharmanli'q waqi'yalardi' so'z yetedi. Woqi'wshi'larda milliy xali'qli'q sezimlerdi woyatadi'.

«Aydos biy» da'stani'. Aydos biy XVIII a'sirdin' aqi'ri' XIX a'sirdin' basi'nda wo'mir su'rgen tariyxi'y tulg'a. Wog'an Xiywa xani' ta'repinen biyik ha'mel berilgen.

«Ernazar biy» da'stani'. Bul da'stan XIX a'sirdin' wortasi'ndag'i' Xiywa xani'ni'n' ha'dden zi'yat zuli'mli'qlari'na qarsi' xali'q gu'resin ji'r yetken tariyxi'y shi'g'arma. Yernazar biy 1855-ji'li' Xiywa xani'na qarsi' qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy azatli'q gu'resinin' basshi'si'. Wol qaraqalpaqlardi' Xorezm Woazisinde Xiywa xanli'g'i'nan biyg'a'rez jasawshi' wo'z ma'mleketshiligin tiklewdi wazi'ypa yetip qoyadi'. Zarli'q toreni xan yetip belgileydi. Ma'mlekettin' tuwi'n, jalawi'n tikleydi. Wog'an wo'z ma'mleketinin' belgisi si'pati'nda gu'mbezli aydi' saldi'radi'. Yari'm ay worta a'sirlerden kiyati'rg'an islam du'nyasi'nda jawi'ngerlik belgi degendi an'latqan.

Yernazar alako'z baslag'an xali'q ko'terilisi biylerdin' satqi'nli'g'i' sebepli sa'tsizlikke ushi'raydi'. Shi'g'armada qaraqalpaq biylerinin' satqi'nli'g'i'na shayi'rda qi'ynali'wshi'li'q, Yernazar alako'zdi ruwxi'y jaqtan qollap-

quwatlawshi’li’q sezilip turadi’. Sebebi, Berdaq shayi’r bul ko’terilistin’ milliy ideologlari’nan biri bolg’anli’g’i’, al Yernazar alako’z milliy qaharman boli’p qalg’an adam. Xiywa xanli’g’i’na qarsi’ xali’q azatli’q gu’resilerin baslag’an Yernazar alako’zdi da’stan yetip ji’rlaw, bul xali’qqa qarsi’ tag’i’ ko’teriw menen ten’dey yedi. Sog’an qaramastan, Berdaq shayi’r Yernazar biy da’stani’n jazdi’.

Wo’z betinshe jumi’s (20 min). Mug’allim sabaqti’ qi’sqasha tu’sindirip bolg’annan keyin, yendigi tapsi’rmag’a 5 topardag’i’ woqi’wshi’lar, wo’zlerinin’ toparlari’ menen birgelikte, yag’ni’y «Amangeldi», «Aydos biy», «Ernazar biy» atlari’ jazi’lg’an quti’shalardag’i’ sorawlarg’a juwap beredi ha’m temani’ toli’qti’radi’.

Sorawlar: Birinshi quti’sha:

1. «Amangeldi» da’stani’nda neshinshi ji’llardag’i’ waqi’ya so’z yetiledi?

2. Asan atali’qti’n’ Qoqan xani’na juwabi’?

3. Qoqan xani’ni’n’ buyri’g’i’?

4. Asan atali’qti’n’ wo’ltiriliwi?

5. Asanni’n’ xali’q arasi’nda tilge ali’ni’wi’?

6. Amangeldinin’ Qoqan xani’na Asanni’n’ qani’n ali’wi’?

7. Shi’g’armada Amangeldi obrazi’ni’n’ jasali’wi’?

8. Shi’g’armada xali’q turmi’si’ni’n’ su’wretleniwi?

Yekinshi quti’sha:

1. Shi’g’armada «Aydos biy» obrazi’ni’n’ jasali’wi’?

2. Aydos biy neshinshi a’sirde jasag’an tariyxi’y tulg’a?

3. Aydos biyge Xiywa xani’ni’n’ ko’rsetken si’y-hu’rmeti?

4. Aydos biy da’wirindegi xali’qti’n’ awi’r turmi’si’?

5. Aydos biy ko’terilisi neshinshi ji’llari’ boldi’?

6. Begis penen Mi’rji’qti’n’ wo’ltiriliwi?

7. Aydos biy qanday obraz, unamli’ yaki unamsi’z?

8. Shi’g’armada alpi’s biydin’ almani’ bo’lisip jewi ha’m wolardi’n’ ala awi’zli’g’i’ sebepli ko’terilistin’ jen’iliske ushi’rawi’.

U’shinshi quti’sha:

1. Da’standa Yernazar biy ati’ menen atali’wshi’ ko’terilisi neshinshi ji’llarg’a tuwri’ keledi?

2. Da’standa Yernazar biy obrazi’ni’n’ su’wretleniwi.

3. Yernazar alako’z tariyxta qanday adam bolg’an?

4. Da’standa Yernazar alako’z ha’reketinin’ izbe-izlik penen su’wretleniwi.

5. Berdaq shi’g’armalari’ni’n’ son’i’nda Yernazar biydin’ wo’limi haqqi’nda ne aytadi’?

6. Sol ji’yi’ng’a zorli’q qi’ldi’,
Jalg’i’z wo’zi Yernazar biy,
Xorezmge jalg’i’z wo’zi,
Zorli’q yetti Yernazar biy, — degen qatarlarda shayi’r ne aytpaqshi’?

7. Tariyxta Yernazar biydin’ anasi’ Qumar ana haqqi’nda nelerdi bilesiz?

8. Qaraqalpaq a’debiyati’nda Yernazar biy haqqi’nda qanday ko’rkem shi’g’armalar do’retildi?

Bekkemlew: (5 min). Quti’shadag’i’ shayi’rdi’n’ da’stanlari’ haqqi’nda sorawlarg’a jazi’lg’an juwaplar toparlarg’a almasti’ri’li’p beriledi ha’m juwaplar ali’nadi’. Yen’ jaqsi’ juwaplar u’sh topardan saylap ali’ni’p bahalanadi’. Pikirler wortag’a qoyi’ladi’.

U’yge tapsi’rma beriw (2 min).

1. Berdaqti’n’ tariyxi’y da’stanlari’ haqqi’nda pikirlerin jazba referat tu’rinde jazi’p keliw.

2. Temani’ woqi’p, toli’q tani’si’p keliw.

# J U W M A Q

Mekteptin’ 8-klasslari’nda qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha materiallardi’ u’yrengende, woqi’wshi’lar XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ payda bolg’an jazba da’stanli’q shi’g’armalardi’ da u’yrenedi. Ha’zirge shekem mekteptin’ wortan’g’i’ zvenolari’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’ boyi’nsha mag’li’wmat ali’w ushi’n a’debiyatti’ u’yreniw ma’selelerinde birde da’stanli’q shi’g’arma ya programmag’a, a’debiyat xrestomatiyasi’na kirmey qali’wi’ qaraqalpaq a’debiyati’n u’yreniwdegi u’lken kemshilik.

Klassik a’debiyatta Berdaq shayi’r tvorchestvosi’ arqali’ jarati’lg’an «Shejire», «Xorezm», «Aydos biy», «Ernazar biy», «Amangeldi», «Aqmaq patsha», «Pawshan», «Erke bay» usag’an u’lken da’stanli’q shi’g’armalari’ bar. A’lbette 8-klass woqi’wshi’lari’ qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ bul jetiskenliklerinde u’yreniwleri sha’rt.

Ma’selen, 8-klassti’n’ programmasi’nda woqi’wshi’lardi’n’ u’yreniwleri ushi’n Berdaq shayi’rdi’n’ «Aqmaq patsha» da’stani’nan u’zindi berilgen dep yesaplayi’q. Yendi qaraqalpaq a’debiyati’ mug’allimine birinshi gezekte woqi’wshi’ni’n’ aldi’nda bul da’stanni’n’ janrli’q xarakterin belgilew kerek boladi’. Woqi’wshi’ 5-7-klasslarda folklorli’q da’stanli’q shi’g’armalardi’ ko’rgen. Woni’ biledi. Keshe wolar poemali’q shi’g’armalardi’ woqi’di’, u’yrendi. Bu’ginde qosi’q penen jazi’lg’an poemag’a uqsag’an u’lken shi’g’armani’ woqi’wshi’g’a bul jazba da’stan dep ko’rsetpekshi. Yendi bul jerde woqi’wshi’ni’n’ da’standi’ poemadan ayi’ri’wi’ qi’yi’n. Duri’si’nda da da’stan ko’p jag’i’nan poemag’a uqsas shi’g’arma.

Soni’n’ ushi’n mug’allimge biraz pedagogikali’q sheberlik kerek. Wol jazba da’stanni’n’ wo’zinin’ ne yekenligin woqi’wshi’g’a tu’sindiriwine tuwra

keledi. Wol ushi’n mug’allimnin’ jazba shi’g’armalardi’ woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda az g’ana klassifikatsiyalap ko’rsetiwge waqti’ ketedi. Bolmasa jazba da’standi’ woqi’wshi’ni’n’ kewline sin’diriw mug’allim ushi’n biraz qi’yi’n. Soni’n’ ushi’n mug’allim sabaqti’n’ ko’rsetpeli qurali’nan aktiv paydalani’wi’na boladi’.

Ma’selen: Mug’allim klassikali’q a’debiyattag’i’ poeziyani’n’ klassifikatsiyasi’ berilgen tablitsani’ taxtag’a ildiredi.

Woqi’wshi’larg’a mug’allim da’standi’, bul poemag’a jaqi’n shi’g’arma. Biraq poema yemes. Poema yemesligi sonnan ibarat, birinshiden, bular revolyotsiyag’a shekemgi waqi’tlarda do’regen shi’g’armalar. Wol da’wirlerde xali’q tilinde joqarg’i’ tablitsadag’i’day qi’li’p klassifikatsiyalag’anda poema degen so’z xali’q tilinde bolmag’an. Wol da’wirlerdegi yen’ u’lken shi’g’armalardi’ a’debiyati’mi’zda da’stan dep atag’an. Demek, bul bir jag’i’nan u’lken shi’g’arma degendide an’latadi’.

Yekinshiden, XX a’sirdin’ basi’na shekemgi da’wirlerde poemali’q shi’g’armalar bolmag’an, al folklorli’q u’lken da’stanli’q shi’g’armalar bolg’an. Soni’n’ ushi’n qaraqalpaq jazba a’debiyati’ndag’i’ da’stanlar usi’ folklorli’q da’stanlar da’stu’rlerin wo’zlestiriw arqali’ jazba da’stanlar jarati’lg’an.

U’shinshiden, bizdegi jazba da’stanlardi’n’ barli’g’i’ realistlik waqi’yalardi’ su’wretlegenlikleri menen quri’li’si’ jag’i’nan wolar folklorli’q da’stanlarg’a uqsas boli’p keledi. Berdaq shayi’rdi’n’ wo’zide bul joqari’dag’i’ biz ati’n atap wo’tken shi’g’armalari’n da’stan dep atag’an.

Endi da’stanni’n’ bu’gingi wo’tiwge tiyisli bolg’an bo’legin mug’allim so’ylep beriwi sha’rt. Da’stanni’n’ yen’ jaqsi’ dep tapqan jerlerin mug’allim woqi’p ko’rsetiwi kerek. Wonnan keyin woqi’wshi’lar menen wo’tilgen temag’a

baylani’sli’ gu’rrin’ wo’tkeriwge boladi’. U’yge tapsi’rma bergende mug’allim woqi’wshi’larg’a ko’birek da’stannan u’zindiler yadlawdi’ tapsi’ri’w kerek.

Bul realistlik da’stan bolg’anli’g’i’ ushi’n mug’allim bundag’i’ shayi’r ta’repinen su’wretlenip ati’rg’an tipik waqi’yalardi’, revolyotsiyag’a shekemgi qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ja’miyetlik wo’mirlerindegi bolg’an waqi’yalar yekenligine ko’birek itibar berip wo’tiwi kerek. Sonda jazba a’debiyatti’n’ haqi’yqi’y wo’mir menen baylani’sli’ do’regen shi’g’armalar yekenligine tu’sinedi. A’sirese, buni’ ha’zirgi wo’mirimiz benen folklorli’q da’stanlardag’i’ fantastikali’q waqi’yalar menen sali’sti’rg’an halda so’z yetken biraz jaqsi’ boladi’.

A’debiyat mug’allimi Berdaq shayi’rdi’n’ da’stani’n kelesi, basqa da wo’tiwge tiyisli bolg’an bo’limlerin usi’nday metodikali’q usi’llar menen wo’tiwine boladi’.

Mektep programmasi’ boyi’nsha 8-klasslarda woqi’wshi’ ko’rkem shi’g’armalardi’n’ janrli’q wo’zgesheliklerin bildiriwden ti’sqari’ XIX a’sirdegi jazba da’stanli’q do’retpeler haqqi’nda da belgili da’rejede a’debiy bilim sistemasi’n baslaw kerek boladi’. Wol ushi’n yeger programmada yeki yamasa u’sh jazba da’stanlardan u’zindiler berilmese, wonda «Aqmaq patsha» da’stani’ jo’ninde programmada berilgen saatlar wo’tip boli’ng’annan keyin bunnan basqa da XIX a’sir a’debiyati’nda «Shejire», «Xorezm», «Aydos biy», «Ernazar biy» usag’an da’stanli’q do’retpelerdin’ bar yekenligi tuwrali’ woqi’wshi’larg’a mag’li’wmat Bergen duri’s boladi’. Ha’tteki woqi’wshi’lardi’n’ wol da’stanlardi’ wo’zleri tawi’p ali’p woqi’ytug’i’n da’rejede wolar bir qi’zi’g’arli’qtay metodikali’q usi’l islewi sha’rt. Al, yendi wol qalay boli’wi’ mu’mkin degen ma’selede turadi’.

Ma’selen, mug’allim wo’zinin’ juwmaqlaw ga’pinde «Shejire», «Aydos biy», «Ernazar biy» da’stanlari’ qi’zi’q ha’m yen’ a’hmiyetli ma’selelerdi ji’rlag’an jazba da’stanli’q shi’g’armalar bar.

Ko’p metodikali’q a’debiyatlarda ayi’ri’m mug’allimler a’debiyattag’i’ bir janr haqqi’nda woqi’wshi’g’a tu’sinik bersen’ bolg’ani’, woni’ ken’ ha’m teren’ u’yretemen dep qaytalay beriwdin’ keregi joq, dep ko’rsetedi. Bul ga’p ko’rkem a’debiyattag’i’ ha’mme janrlar ushi’n xarakterli yemes. Janrdi’n’da janri’ bar. Ma’selen, buri’ng’i’ kollektivlik tvorchestvodag’i’ da’standi’ woqi’g’an woqi’wshi’ ushi’n jazba da’stan tu’siniksiz boli’p turadi’. Sebebi, wol poema ma?, ya jazba da’stan ba? Wol folklorli’q da’stannan ha’m poemadan ne belgileri menen ayri’li’p turadi’. Woni’ woqi’wshi’g’a ani’q tu’sindiriw ushi’n, bir neshshe jazba da’stanli’q u’lgilerdi ko’rsetiw kerek boladi’.

Ko’rkem a’debiyatqa ha’mmeni qi’zi’qti’ri’w, woni’n’ adamni’n’ ruxi’y bayli’g’i’ yekenligin u’yretiw, kerek a’debiyat ha’mme adamlarg’a ten’dey wo’mir mektebi yekenligin ko’rsetiw bul mekteptegi ha’r bir mug’allimnin’ a’diwli wazi’ypasi’.

Yeger belgili waqi’t wo’tkennen keyin woqi’wshi’lardi’n’ qaraqalpaq xali’q jazba da’stanlari’na qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ arti’p, wo’zleri wolardi’ tawi’p woqi’wg’a talaplani’p ju’rgenliklerin mug’allim sezse, wolardi’ woqi’wshi’lari’ni’n’ tawi’p woqi’wlari’na ja’rdemlesiwi sha’rt.

Tek da’stanli’q shi’g’armalarda yemes, ha’r qanday ko’rkem shi’g’armada da u’lken bir adam kewilin woyatatug’i’n si’r, qu’diretlilik boladi’. Sonda ko’rkem shi’g’armag’a ha’wesleniwshilik ha’r bir adamda jas waqi’ti’nan payda boladi’.

Demek, jan’a temani’ qanday metodikali’q sheberlik penen baslaw, meyli ko’rkem woqi’w menen baslaysan’ ba yamasa planlasti’rg’an jerdi ko’rkem qi’li’p so’ylep beriwden baslaysan’ ba, wol qaraqalpaq a’debiyati’ mug’alliminin’ yerkine berilgen. Biraq mug’allimnin’ poemani’n’ mazmuni’n woqi’wshi’g’a tu’sinikli til menen so’ylep jetkeriw woni’n’ belgili bir ma’ni shi’g’aratug’i’n bo’legin ko’rkemlep woqi’p beriw, woqi’g’an jerin ko’rkem qi’li’p so’ylep beriwi, teksttegi tu’siniksiz so’z, ga’plerge tu’sinik beriwi, a’sirese bul klasslarda ko’rkem woqi’wg’a ayri’qsha itibar beriwi ma’seleleri mug’allimnin’ sabaqtag’i’ birinshi da’rejeli wazi’ypasi’.

Al, 9-klasslarda da’stanli’q shi’g’armalar mug’allim ta’repinen monografiyali’q lektsiya usi’li’nda ali’p bari’ladi’. Biraq bunnan joqari’ klasslarda shi’g’armalardi’ ko’rkemlep woqi’w bolmaydi’ degen tu’sinik kelip shi’qpaydi’. Bul klasslarda da ko’rkemlep woqi’w boladi’. Biraq wonda ha’mme sabaqlardi’n’ 90 protsenti monografiyali’q lektsiyali’q si’patta ali’p bari’ladi’. Ja’ne de sabaqqa ko’birek ilimiy teoriyali’q si’pat beriledi.

Demek, 5-6-7-8-9-klasslari’nda ilimiy mazmunli’q xarakteri tiykarg’i’ wori’ndi’ iyelemeydi, formasi’na ayri’qsha itibar beriw kerek dep woylamaw kerek. A’lbette, xrestomatiyali’q woqi’wli’q penen sabaq ali’p bari’wdi’n’ barli’q metodikali’q talaplari’n saqlay woti’ri’p sabaqti’n’ a’debiy bilim, ideyali’q, estetikali’q, a’dep-ikramli’q, internatsionalli’q ta’rbiya beriwshilik maqsetlerin toli’q iske asi’ri’w sha’rt.

Sol sebepli pedagog bar materialdi’n’ u’stinde, ha’tte wo’zinshe tu’sinikli dep yesaplang’an temalardi’n’ u’stinde de qatti’ muqi’yatli’li’q penen tayarli’qlar ko’riwi sha’rt. Sabaqti’ toli’q maqsetine jetkeriw ushi’n qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ mug’allimi izleniw kerek. Sebebi, mug’allimge qaraqalpaq

a’debiyati’nan jan’a sabaq ushi’n izleniw, tayarli’q ko’riw, sabaqti’ na’tiyjeli wo’tkeriwdin’ jollari’n qarasti’ri’w, wog’an yerten’gi sabaqti’n’ tipin, wondag’i’ woqi’ti’wdi’n’ tipin keltirip shi’g’aradi’. Demek qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ mug’allimi programmada ko’rsetip, belgilep Bergen temani’n’ xrestomatiyada bolmasa woqi’wli’qta bar materialdi’n’ bir saatta wo’tiliw jollari’n duri’s du’zip aladi’ degen so’z.

Yeger qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ mug’allimi yerten’gi klassta woqi’wshi’larg’a wo’tiwge tiyisli bolg’an sabag’i’ni’n’ tipin, woqi’ti’wdi’n’ tipin duri’s belgilep ala almasa, a’lbette woni’n’ sabag’i’ na’tiyjesiz sabaq boli’p shi’g’adi’.

Mi’sali’ yerten’gi 8-klassta wo’tiwge tiyisli bolg’an qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ temasi’ mug’allimnen birlesken sabaq tipinde wo’tkeriwdi, al woqi’ti’wdi’ ko’rsetiw, tu’sindiriw, u’yretiw tipinde talap yetip tursa, mug’allim woni’ tu’sinbey aralas sabaq tipinde wo’tip salsa, woqi’wdi’ problemali’q xaraketerde wo’tkeremen dep umti’lsa, wonda sabaq woqi’wshi’lar ushi’n jaqsi’ na’tiyjelerge ali’p kelmeydi.

Mug’allim hesh waqi’tlarda shablonli’qqa berilip wo’zine an’sat jollardi’ izlemew kerek. Sol sebepli de mug’allimge izleniw kerek, tayarlani’w kerek deymiz. Sebebi mug’allimnin’ tayarli’g’i’ wog’an wo’zinen wo’zi sabaq tipin ja’ne de woqi’ti’wdi’n’ tipin ma’jbu’r yetedi.

Soni’n’ ushi’n qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ mug’allimi birinshi gezekte programmani’n’ belgilewin, xrestomatiyalardi’n’ du’ziliw xarakterlerin, woqi’wli’qlardi’n’ printsiplerin biliwden ti’sqari’ sabaq tiplerin ja’ne de woqi’ti’wdi’n’ da tiplerin ayi’ra ali’wi’ tiyis. Sonda wol qaysi’ sabaqqap qanday a’debiy metodlardi’ aktiv paydalana alatug’i’nli’g’i’n biledi. Bul mekteptegi

pedagogikali’q ha’m metodikali’q sheberlikti jetilistiriwdin’ birden bir jollari’. Soni’n’ menen qatar usi’ ma’seleler xali’q ag’arti’w sistemasi’ndag’i’ islewshi joldaslar ushi’n yen’ aktual, ha’r bir mug’allimnen biliwdi, u’yreniwdi talap yetetug’i’n problemalardan biri boli’pta yesaplanadi’.

Sol sebepli bizin’ bul jumi’si’mi’zda usi’ ma’seleni azli’ ko’pli sheshewge qarati’lg’an. Jumi’s so’zsiz qaraqalpaq a’debiyati’ mug’allimleri ushi’n metodikali’q qollanba boladi’.

## PAYDALANG’AN A’DEBİYATLAR


1. İ.A.Karimov «Yuksak manaviyat engilmas kuch» Toshkent ― 2008 j.

2. K.Ma’mbetov, Z.Ayjanova, K.Pali’mbetov «A’debiyat» 8-klaslar ushi’n sabaqli’q.

3. P.Allashov, Z.Ayjanova «Watan a’debiyati’», No’kis «Bilim» baspasi’ 1992.

4. İlimiy toplam No’kis «Bilim» 2002.

5. A.Q.Pirniyazova «Qaraqalpaq tilin pedagogikali’q texnologiya tiykari’nda woqi’ti’w» No’kis―22008.

6. Mug’allim h’a’m u’zliksiz bilimlendiriw (ilimiy metodikali’q jurnal) 2012j. 1,3-sanlari’.

7. K.Ja’zimbetov XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetleri h’a’m rawajlani’w tariyxi’. Bilim ―2004.

8. K.Pali’mbetov, J.Pirniyazova, R.Berdimuratova «A’debiyat woqi’ti’w metodikasi’» 8-klaslar ushi’n metodikali’q qollanba. No’kis 2004.

9. O.Alewov «Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyali’q woylardi’n’ qa’liplesiwi h’a’m rawajlani’w». Bilim―1993.

10. N.Japaqov, K.Ma’mbetov, K.Sultanov, A.Karimov. Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’. No’kis 1983.

11. A’.Paxratdinov «Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’». «Bilim» 2004.

12. A’.Paxratdinov «Pedtexnologiya tiykarlari’». No’kis―2009.

13. N.N.Azizxojaeva «Pedagogikali’q texnologiyalar h’a’m pedagogikali’q sheberlik». Tashkent―2006.

14. «Berdaq», «Tan’lamali’ shi’g’armalari’ni’n’ ji’ynag’i’». «Qaraqalpaqstan». No’kis 1977-ji’l.

15. «Berdaq h’aqqi’nda so’z» No’kis 1987-ji’l. A.Murtazaev, A.Ka’rimov, B.Qa’limbetov.

16. Berdaq «Tan’lamali’ shi’g’armalar» baspag’a tayarlag’anlar M.Nurmuxammedov. No’kis 1956-ji’l.

17. A’.Paxratdinov «Berdaq shayi’rdi’n’ da’stanli’q shi’g’armalari’». No’kis 1987 j.

18. Ayi’mqul Pirnazarov «Berdaq shi’g’armalari’nda qollani’lg’an do’retiwshilik usi’llar». No’kis 1998-ji’l.

19. A’bdinazimov Sh. «Berdaq shayi’r shi’g’armalari’ni’n’ milliy wo’zgeshelikleri». «Qaraqalpaqstan» baspasi’ N—1998 j.

20. Wo’tewliev İ. «Berodaq poeziyasi’ni’n’ milliy wo’zgeshelikleri». No’kis—1998 j.